ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№103 (24.229) ● 2021 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 28, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● ШыщхьэуIу зэIущIэхэр





# ЕгъэджакIуэхэм я республикэпсо чэнджэщапIэ

**Налшык дэт, ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкIэ уардэунэм шыщхьэуIум и 26-м щекIуэкIащ ди республикэм и егъэджакIуэхэм я пленарнэ зэIущIэ ин**.

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и егъэджэныгъэ IэнатIэм зэрызиужь стратегие унэтIыныгъэхэр: ехъулIэныгъэхэр, Iуэхугъуэ гугъухэр, зэлэжьыпхъэхэр» фIэщыгъэр зиIа форумым шэщIауэ щытепсэлъыхьащ щIыналъэм и еджапIэ, гъэсапIэ IэнатIэхэр нобэкIэ зэрыт щытыкIэм, къыщапщытэжащ гъэ еджэгъуэ блэкIам абыхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ зыхунэмысахэмрэ. Апхуэдэу щаубзыхуащ 2021 - 2022 гъэ еджэгъуэщIэм IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэмрэ ахэр зэфIэха зэрыхъунумрэ.

«Роспотребнадзор»-м игъэува санитар-эпидемиологие хабзэхэм тету къызэрагъэпэщащ зэхуэсыр. Уардэунэм зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкI хабзэ и пэшышхуэм щIэса цIыхухэм нэмыщI, видео зэпыщIэныгъэ Iэмалыр къагъэсэбэпу, зэхуэсым хэтащ ди республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм хиубыдэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIрэ лэжьакIуэу цIыху мини 5-м щIигъу. Ахэр форумым и лэжьыгъэм щыкIэлъыплъащ районхэм я къалащхьэхэм къыщызэрагъэпэща онлайн зэIущIапIэхэм. Зэхыхьэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм теухуа псалъэмакъым щIэдэIуну, зэIущIэм и лэжьыгъэм хэтыну абы къекIуэлIахэм ящыщщ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ, статс-секретарь **Корнеев Андрей**, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщIхэу **Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ**, КъБР-м и егъэджакIуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и пашэ **Карныш Сергей**, депутатхэр, районхэм, къалэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, ди республикэм и курыт школхэм, сабий садхэм я унафэщIхэм ящыщхэр, къэралпсо зэпеуэхэм щытекIуа егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я пашэхэр, нэгъуэщIхэри.

*ЕгъэджакIуэхэм я республикэпсо чэнджэщапIэ хъуа зэIущIэшхуэм теухуа тхыгъэм ди нобэрей газетым и етIуанэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэ.*



## Гъуэгухэр ирагъэфIакIуэ

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил Iэ щIидзащ гъуэгухэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ ди къэралым и хэгъэгухэм сом меларди 8,7-рэ зэрыхуаутIыпщынум теухуа унафэм**.

УФ-м и Правительствэм и сайтым зэритымкIэ, а ахъшэр щIыналъэ 23-м хухахынущ мыхьэнэ нэхъыбэ зиIэ проектхэр ирагъэзэщIэн папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм абы щыщу къыIэрыхьэнущ сом мелуан 709,6-рэ. А ахъшэмкIэ Налшык къалэ и гъуэгурэ уэрам зэхэкIыпIэу километри 3,1-рэ, Прохладнэ - Елъхъуэт гъуэгур зэрагъэпэщыжынущ. Лэжьыгъэ псори илъэсым и кIэ хъуху яухынущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**.

# Казбек и Адыгэ пщэфIапIэр

*Адыгей Республикэм укIуа нэужь, уагъэлъагъунрэ узэрыдахьэхынрэ я куэдщ. Иджыблагъэ сыщыщыIам хуабжьу сфIэгъэщIэгъуэн хъуат КъуэкIыпIэ музейм и Кавказ Ищхъэрэ къудамэу Мейкъуапэ дэтым и пщIантIэм пIалъэкIэ къыдагъэува Адыгэ пщэфIапIэр. Ар щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуа «Матэ» адыгэ кхъуейр зыщI Цышэ Казбек къигупсыса проектхэм языхэзт. «Лъэужь» зыфIища а Iуэху дахэм и купщIэмрэ и мыхьэнэмрэ къытхуиIуэтат езым абы щыгъуэм. Зыпэрыт Iуэху къызэрымыкIуэм хуиIэ творческэ бгъэдыхьэкIэр дгъэщIэгъуауэ дыкъэкIуэжат. Куэд дэмыкIыу Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ Налшык къэкIуати, ди хьэщIэщым къедгъэблагъэри, зи яужь итхэм нэхъ гупсэхуу тедгъэпсэлъыхьащ.*



**- Казбек, адыгэ кхъуей лIэужьыгъуэфI зэрыхэпхым, абы епха хьэрычэтыщIэ Iуэху узэриIэм куэд щIауэ сыщыгъуазэщ. «Матэ» кхъуейр Адыгейм имызакъуэу, хамэ къэралхэми къыщацIыхуну хунэсащ. Ауэ Мейкъуапэ дыныщыкIуам дыбгъэлъэгъуа проектым теухуакIэ къыщIэддзэнт ди зэпсэлъэныгъэр. Дауэ къэбгупсыса хъуа къепшэкI хъу а Адыгэ пщэфIапIэ цIыкIур? Мы уи лэжьыгъэр и лъабжьэу адыгэ тхыдэм, щэнхабзэм, псэукIэм ехьэлIа проектхэр утыку къипхьэныр сытым къыхэкIа?**

- Адыгэ кхъуей хэхыныр унагъуэкIэ едгъэжьащ илъэс зыбжанэ ипэкIэ. Кхъуей 10-15 махуэм тщIыуэ щытащ. ИтIанэ цIыхухэр къыщIэупщIэурэ, дэри нэгъуэщI къалэхэм едгъашэурэ ди Iуэхум зиубгъуащ. ПщIэ Iуэхур уигу ирихь щыхъукIэ, абы удимыхьэхынкIэ, щIэ гуэр къыумылъыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым, абы нэхъ зэрызебгъэужьынуми иужь уитынущ. Мы Iуэхум си щхьэ и фейдэ къыхэсхыным и закъуэкъым сезыгъэгупсысар, ар IэщIагъэ къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм кхъуей зэрыхихыр, ар шхыныгъуэ нэхъыщхьэхэм зэрыхалъытэр, адыгэ Iэнэм къытралъхьэу, зекIуэ ежьэм здрихьэжьэу зэраIар сщIэрти, къарум и мызакъуэу гурэ-псэрэ хэслъхьащ. ИтIанэ, Iуэху гуэр щебгъажьэкIэ уи гупсысэкIэм къытехуэу чэнджэщ къозытыфыни, гъуэгу уэзылъагъуфыни къыкъуокI. Сызэрыдихьэхам нэмыщI, мы IэщIагъэм - кхъуей хэхыным - теухуауэ сытри зэзгъэщIэну сфIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Абы папщIэ, уеблэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрми сыкъакIуэри, тхыдэджхэм сахуэзауэ щытащ.

Дэнэ а псор къыщежьэр? Си сабиигъуэм сыкъызыхэхъукIа дунейр арагъэнщ. ДыщыцIыкIум адэшхуэ-анэшхуэм я куэщI срапIыкIащ. Куэдым дыхуагъэIущащ, езыхэр зэрызэхущытыр, лъытэныгъэу я зэхуаку дэлъыр слъэгъуащ. Ущыпсэум деж апхуэдэ Iуэху гуэр урихьэлIамэ, Iущагъ гуэр зэхэпхамэ, ахэр уигу къэкIыжурэ, уи Iуэхум хэплъхьэурэ укъекIуэкIмэ, фIы куэд къыпокIуэ. Ар сэ згъэунэхуащ. ЛъэныкъуитIымкIи си адэ-анэшхуэхэр псэууэ сыкъэхъуащ сэ, апхуэдэ насып сиIащ. Мис абыхэм жаIэжу зэхэсхам, я дуней тетыкIам къыхэсха хъунщ нобэ сызыпэрыт Iуэхум щыщ Iыхьэхэр, зи гугъу пщIы проектхэр.

(КIэухыр 12-нэ нап.)

Къэрал къулыкъущIапэхэм

# Нэхъ зэпэщхэм хабжэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и президиумым и зи чэзу зэIущIэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и къуэдзэ Хуснуллин Марат шыщхьэуIум и 26-м иригъэкIуэкIам.**

ПРЕЗИДИУМЫР теухуауэ щытащ гъуэгухэр щIыным, зэгъэпэщыжыным, псэупIэ ухуэным ятеухуа Iуэхухэм, «Шынагъуэншэ, фIагъ лъаги зиIэ гъуэгухэр», «ПсэупIэмрэ къалэхэмрэ» лъэпкъ проектхэм хыхьэу зэфIагъэкIын хуей къалэнхэм зэрехъулIэм.

Хуснуллин Марат арэзы техъуэу къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым а унэтIыныгъэхэмкIэ лэжьыгъэфI зэрыщрагъэкIуэкIыр икIи абы папщIэ фIыщIи къахуищIащ.

«Шынагъуэншэ, фIагъ лъаги зиIэ гъуэгухэр» лъэпкъ проектхэм хыхьэ лэжьыгъэхэм я гугъу щищIым КIуэкIуэ Казбек жиIащ дызэрыт илъэсым республикэм гъуэгу объекти 116-м щелэжьыну зэраубзыхуар, абыхэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэ псори зэрызэращIылIар. Псори зэхэту а лэжьыгъэхэм хухахащ сом мелард 1,7-рэ. Абыхэм ящыщу сом мелард 1,3-р республикэ, щIыпIэ бюджетхэм я мылъкущ. Объекти 102-м лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ. Мардэм изагъэу автомобиль гъуэгу километр 92-рэ ятащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ар зэфIагъэкIыну зытраухуам и процент 80 мэхъу. Лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэну кърата мылъкум и процент 85-р къагъэсэбэпащ, ар сом мелард 1,5-рэ мэхъу. Iэтащхьэм къыхигъэщащ лэжьыгъэ псори фокIадэ мазэм кърихубыдэу зэраухынур.

КIуэкIуэ Казбек Урысейм и вице-премьерми УФ-м и Правительствэми фIыщIэ яхуищIащ щIыналъэм къыхуащI гулъытэм, зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ. УФ-м и Правительствэм и ГъэтIылъыгъэ фондым щыщу мэкъуауэгъуэм и кIэм республикэм сом мелуан 200 къызэрыхущIагъуам Iэмал къитынущ иджыри гъуэгу километр 16 зэрагъэпэщыжынымкIэ. Апхуэдэуи, лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 285-м щIигъу хухахащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгухэр щыухуэным 2021 гъэм инвестицэу куэд дыдэ къыхалъхьащ. Гъуэгу километри 160-рэ мардэм изагъэу зыхуей хуэдгъэзэну ди мурадщ. Республикэр хуэхьэзырщ гъуэгухэр ухуэнымкIэ къалэн нэхъ иныжхэри гъэзэщIэным», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

**ДЖАТОКЪУЭ Къан.**

## ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынырщ къалэн нэхъыщхьэр

**КIуэкIуэ Казбек IущIащ лэжьыгъэ IуэхукIэ республикэм къэкIуа, Урысейм и МВД-м КИФЩI-м щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей. ЗэIущIэм хэтащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Павлов Василий.**

ХАБЗЭР хъумэн IэнатIэм псори зэкъуэту щызэдэлэжьэным ехьэлIа зи чэзу Iуэхухэм тепсэлъыхьащ зэIущIахэр.

Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIым къыхигъэщащ фокIадэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм шэщIауэ зэрызыхуагъэхьэзырыр. ЩIыналъэм и полицэм и лэжьыгъэр трещIыхь а Iуэхум хэтыну орган, структурэ псоми пыщIэныгъэ быдэ яхуиIэу ядэлэжьэным, цIыхухэм КонституцэкIэ яIэ хуитыныгъэхэр къагъэсэбэпу шынагъуэншэу Iэ яIэтын папщIэ.

ЗэIущIэм щыжаIащ республикэм щытыкIэр зэрыщызэпIэзэрытыр. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ республикэм и властым и органхэр хабзэхъумэ IэнатIэхэм быдэу зэрапыщIар, щIыналъэм хабзэм щытетыныр къыщызэгъэпэщыным хуэгъэпса программэхэр зэрагъэзащIэр, экстремизм хуэмэбжьымэхэм япэщIэтыным теухуа Iуэхухэр зэрызэфIагъэкIыр.

Бачурин Сергей республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек кърита щ «Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэр илъэси 10 ирокъу» фэеплъ дамыгъэр.

КIуэкIуэ Казбек Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщI Бачурин Сергей фIыщIэ хуищIащ республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэм гулъытэ хэха къызэрыхуищIым папщIэ икIи къыхигъэщащ къэблэгъа Iуэхухэм тэмэму зэрытелажьэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу увын хуейр цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща зэрыхъур зэрыарар.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



## Хуабэщ инхэр щащIынущ

**КъБР-м и Iэтащхьэр лэжьыгъэ IуэхукIэ Шэджэм щIыналъэм щыIащ. ХадэхэкI щагъэкIыну хуабэщхэр щащIыну щIыпIэм деж дыгъуасэ къулыкъущIэхэм щагъэтIылъащ япэ мывэр.**

Зи гугъу тщIы Iуэхур инвестицэ проект инщ, сом мелард 18,4-рэ и уасэу. Ар хьэзыр хъумэ, цIыху мини 2-м лэжьыгъэ IэнатIэ ягъуэтынущ, республикэ бюджетым мылъку хъарзынэ налогкIэ къыхилъхьэнущ.

Мэкъумэш IэнатIэщIэм и япэ ухуэныгъэхэм щIы гектар 37,6-рэ иубыдынущ, абы илъэс хъурейкIэ къагъэсэбэпыну хуабэщхэр тращIыхьынущ, цIыху 648-рэ щылэжьэнущ. А япэ Iыхьэм сом меларди 7,6-рэ текIуэдэнущ. ЕтIуанэ Iыхьэу ящIыну хуабэщхэм щIы гектар 62,4-рэ хухах, ар 2024 гъэм и кIэхэм хьэзыр хъунурэ, лажьэу ирагъэжьэнущ.

Мы проектым зи мылъку къыхэзылъхьар «Экокультура» мэкъумэш комплексырщ. Абы и генеральнэ директор Рудаков Александр дыгъуасэ республикэ унафэщIхэм я пащхьэ къырихьащ Урысейм щынэхъ ин дыдэ проектыр. Ди лъахэм лэжьэн щыщIэзыдза холдингым къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжыр мэкъумэш ерыскъыхэкIхэр экологие и лъэныкъуэкIэ къабзэу, химие пкъыгъуэхэр ирамыхьэлIэу гъэкIынырщ.

Хуабэщхэм нэхъыбэу щIасэнур бэдрэжанхэмрэ мэракIуэхэкIхэмрэщ. Ахэр илъэс хъурейкIэ ягъэкIынущ, Урысейм и щIыпIэ куэдым яшэу зэтраублэнущ, хамэ къэралхэм иращэнущ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, хадэхэкIхэр фIыуэ гъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэмал псори щыщыIэщ.

Зи гугъу тщIы проектым КъБР-м и Правительствэр арэзы техъуэри, ирагъэжьащ. Нобэ КъБР-м Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэмрэ инвесторымрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ, ар ди республикэм зэрыщагъэзэщIэнум теухуауэ. Иджы щыщIэдзауэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр йокIуэкI, хуабэщхэр зытращIыхьыну щIыр зэрагъэзахуэ. КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, инвесторхэм я лэжьыгъэр зэрыщагъэпсынщIэн IэмалхэмкIэ ядэIэпыкъунущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм дежкIэ инвестицэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. Ар Урысейм и Президентми япэ иригъэщхэм ящыщщ. Мы проект инри щIыналъэм и экономикэм зиужьынымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. ДызэдэIэпыкъумэ, фейдэ нэхъыбэ къызыпэкIуэн проект нэхъ инхэр зэдэтщIыфынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

Мэкъумэш IэнатIэ

# Егъэджэныгъэм и фIагъыр къэIэтынырщ школым и къалэн нэхъыщхьэр

КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Езауэ Анзор** шыщхьэуIу зэIущIэр къызэIуихащ. И пэублэ псалъэм ар къызэхуэсахэм щехъуэхъуащ гъэ еджэгъуэщIэмкIэ, IэнатIэм хэт дэтхэнэми узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэ иIэу лъэхъэнэр ирихьэкIыну зэригуапэр къыхигъэщащ. АдэкIэ абы псэлъапIэр хуит хуищIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**. Республикэм и УнафэщIым зэрыжиIамкIэ, гъэ еджэгъуэ блэкIар хьэлъэу щытащ ди къэралми республикэми я дежкIэ, дызэрыт эпидемилогие щытыкIэ къызэрымыкIуэм къыхэкIыу.

- Апхуэдэу хъуами, ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэр пэлъэщащ зэманым къытхуигъэува къалэнхэр къызыхуэтыншэу зэфIэхыным. Абы щыхьэт тохъуэ курыт школыр къэзыуххэр зыпхыкIа къэрал къэпщытэныгъэхэм къарикIуа бжыгъэфIхэр, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм. - Ахэр езыр-езыру къэхута ехъулIэныгъэкъым – абыхэм я щIыбагъ къыдэлъщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм хэт дэтхэнэми и лэжьыгъэшхуэ. ФIыщIэ фхузощI апхуэдэ псэ хьэлэл Iуэху бгъэдэтыкIэм папщIэ.

АдэкIэ республикэм и Iэтащхьэр къытеувыIащ зи пашэ щIыналъэм егъэджэныгъэм ехьэлIауэ щекIуэкI лэжьыгъэфIхэм. Ди гуапэ зэрыхъущи, республикэм и еджапIэхэр, гъэсапIэхэр къанэ щымыIэу хуэхьэзырщ гъэ еджэгъуэщIэм. ФокIадэм и 1-м абыхэм я бжэхэр къыхузэIуахынущ школакIуэ мини 115-м, абыхэм ящыщу мин 12,5-р езанэ классым щIэтIысхьэ сабийхэщ. Апхуэдиз школакIуэр зыхуей хуэзэу, зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ егъэджэныгъэм хэтын папщIэ, ди республикэм щолажьэ лъэпкъ проект цIэрыIуэ куэд. Абыхэм ящыщу КIуэкIуэ Казбек къытеувыIащ «Егъэджэныгъэ», «Демографие» проектхэм.

- Егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ къэралым щекIуэкI политикэр хуэгъэпсащ дэтхэнэ сабийми Iэмал псори къыхузэгъэпэщыным, школым щекIуэкI лэжьыгъэм и фIагъыр къэIэтыным. А лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ ди щIыналъэм къыщызэIудох еджапIэщIэхэр, гъэсапIэщIэхэр, щызэдогъэпэщыж щыIэхэр, дунейпсо мардэм хуэкIуэу щIэблэм щIэныгъэ едгъэгъуэтыным дыхущIэкъуу, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Егъэджэныгъэм къыкIэрыху хъунукъым гъэсэныгъэри. КъытщIэувэн хуейщ псэукIэ узыншэм зи щэныр теухуа, хьэл дахэ, лъэпкъ гъэсэныгъэ зыхэлъ щIэблэ екIу. АбыкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIывогъэкI егъэджакIуэхэм. А Iуэхум адэкIи гулъытэ игъуэтыну сыщогугъ.

ЩIэныгъэхэм я махуэмкIэ, ди щIыналъэм, Налшык я махуэшхуэхэмкIэ къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ КIуэкIуэ Казбек икIи лэжьыгъэ купщIафIэ къэрахьэлIэну зэригуапэр жиIащ.

УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министр **Кравцов Сергей** Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджакIуэхэм закъыхуигъэзащ видео зэпыщIэныгъэ IэмалымкIэ. Абы зэрыжиIамкIэ, ди къэралым и егъэджэныгъэ IэнатIэр ящыщщ пандемием и зэран нэхъ мащIэ дыдэу зэкIахэм. Махуэрыеджэм тетынущ школхэри еджапIэ нэхъыщхьэхэри. ЩIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм адэкIи зиужьыным къэралым дяпэкIи гулъытэ хуищIынущ.

Зэхуэсым доклад нэхъыщхьэр щыщызыщIа министр **Езауэ Анзор** зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ щIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм, къыпэщылъ къалэнхэм, лъэпкъ проектхэм къызэIуах IэмалыщIэхэр ди республикэм къызэрыщагъэсэбэпым. Докладым гулъытэ хэха щызыгъуэта унэтIыныгъэхэм ящыщщ школ IэщIагъэлIхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIым, ныбжьыщIэхэм ират щIэныгъэм и фIагъым хэгъэхъуэныр, зи Iуэху дэмыкI еджапIэхэм, гъэсапIэхэм методикэ и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъуныр, программэм и лейуэ ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэныр, школхэм я унафэщIхэм я Iэзагъыр, IэкIуэлъакIуагъыр къэIэтыныр, школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлэжьэныр, школ мастерскойхэм я лэжьэкIэр тэрэз щIыныр, нэгъуэщIхэри. Ар къытеувыIащ «Точка роста», «Доброшкола», «Кванториум», «1Т-куб» центрхэм ди республикэм и еджапIэхэм зэрызыщауж ьым.

Лъэпкъыбзэхэр хъумэным и гугъу щищIым, министрым къыхигъэщащ 1 - 4-нэ классхэм папщIэ зэреджэ-методикэ комплектыщIэхэр зэрыщыIэр, 5 - 9-нэ классхэр зэреджэн тхылъхэри мыгувэу хьэзыр зэрыхъунур. Анэдэлъхубзэр зэрадж тхылъхэр федеральнэ реестрым хагъэхьэным и Iуэхур и кIэм зэрынэблагъэри жиIащ Езауэ Анзор. Апхуэдэу министрыр къытеувыIащ къэкIуэну гъэ еджэгъуэм IэнатIэм къыпэщылъ къалэнхэм, гулъытэ зыхуэщIыпхъэ Iуэхугъуэ гугъухэм.

- ПщIэ зыхуэсщI ди егъэджакIуэхэ. Махуэ зыбжанэ дэкIмэ, гъэ еджэгъуэщIэр дублэнущ. IэнатIэм хэт дэтхэнэми лъэхъэнэщIэм худиIэщ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ. Ахэр къыдэхъулIэн папщIэ етхьэлIэн хуейщ ди зэфIэкIхэр, щIэныгъэр, шыIэныгъэр, псом я щхьэращи, узыншагъэ диIэн хуейщ, - жиIащ и псалъэм и кIэухыу Езауэм. - Сынывохъуэхъу фи мурадхэр къывэхъулIэну, хъуэпсапIэу фиIэхэр нахуапIэ хъуауэ флъагъуну. Фыузыншэу, фи еджакIуэхэм, гъэсэнхэм я текIуэныгъэхэм къаруущIэ къыфхалъхьэу творческэ лъагапIэщIэхэм фынэсыну си гуапэщ.

Министрым жиIахэм дыщIагъуу зэIущIэм къыщыпсэлъащ районхэм, къалэхэм я курыт школхэм, гъэсапIэхэм я унафэщI пашэхэр, егъэджакIуэ Iэзэхэр. Абыхэм ящыщщ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ методикэ IуэхухэмкIэ и зэгухьэныгъэм и унафэщI **Башиевэ Светланэ**, Шэджэм щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ къудамэм и пашэ **Iэрыпщэ Жаннэ**, Май районым хыхьэ Ново-Ивановскэ жылэм дэт курыт школ №7-м и унафэщI **Хиврич Еленэ**, «Урысейм и егъэджакIуэ-2021» зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа, Май къалэм дэт курыт школ №5-м инджылызыбзэр щезыгъэдж **Къущхьэ Каринэ** сымэ.

Зэхуэсым и утыку ирахьа Iуэхугъуэхэм ятеухуа резолюцэхэр къащтащ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



# Урысейм и щIалэгъуалэр КъБР-м щохьэщIэ

**Дунейпсо ломоносовскэ клубым къызэригъэпэща проект гъэщIэгъуэным ипкъ иткIэ, шыщхьэуIум и 21-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIащ Урысейм и хэгъэгу 16-м щыщ щIалэгъуалэ зэчиифIэхэр.**

МЫ Iуэхур клубым ядиIыгъащ Урысейм Лъэпкъ Iуэхухэмк Iэ и федеральнэ агентствэм. «Ломоносовский обоз. Меж двух морей» проектым и фIыгъэкIэ хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ, илъэс 14-23-рэ зи ныбжь школакIуэхэмрэ студентхэмрэ махуэ 12-кIэ Урысейм и къалэхэмрэ абыхэм щыпсэу лъэпкъхэмрэ зрагъэцIыхунущ.

НыбжьыщIэ зэчиифIэхэм я зекIуэр Дагъыстэным къыщрагъэжьащ, ди республикэм щыхьэщIащ, адэкIэ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм хыхьэ хэгъэгухэм, Къырымымрэ Севастополрэ зыщаплъыхьынущ, хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зыщагъэгъуэзэнущ, къищынэмыщIауэ, графикэм, 3D-моделированием, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр щагъэзэщIэнущ.

Ди лъахэм къыщеблэгъам щIалэгъуалэм я гуапэу езыхэм я ныбжьхэр зрагъэцIыхуащ, Налшык къалэ дэт Лъэпкъ музейм щыIащ икIи яфIэгъэщIэгъуэну ди республикэмрэ щыпсэу лъэпкъхэмрэ я тхыдэм зыхагъэгъуэзащ, Шэджэм псыкъелъэхэм я нэгу зыщрагъэужьащ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зыIуагъэхуащ.

Клубым и унафэщI Скрипниченкэ Владимир зэрыжиIамкIэ, мыпхуэдэ проектхэр щIалэгъуалэм сэбэпышхуэ яхуохъу я акъылкIэ, щIэныгъэкIэ, хьэл-щэнкIэ заужьынымкIэ, гупым хэту лэжьэнымкIэ, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм пашэ щыхъунымкIэ. ХьэщIэхэм фIыщIэ хуащIащ ди республикэм къеблэгъэнымкIэ сэбэп хъуахэу КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек, КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Iуэхухэмк Iэ и министерствэм, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ и министерствэм, Шэджэм щIыналъэ администрацэм.

Дунейпсо ломоносовскэ клубыр 2016 гъэм къызэрагъэпэщащ. Ар зытелажьэр щIалэгъуалэм, класс нэхъыжьхэм щIэсхэм ябгъэдэлъ Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ зегъэужьыныршщ, гъащIэм ехъулIэныгъэхэр иIэу хэпсэукIыфыным хуэгъэхьэзырынырщ, и щIэныгъэр къигъэсэбэпу проектхэр зэхилъхьэрэ ар пхигъэкIыфу егъэсэнырщ, Iуэхур къехъулIэн папщIэ къэрал грантхэр къэхьынымкIэ дэIэпыкъунырщ.

А псори зытеухуэжар Урысейм къэкIуэн дахэ иIэным къыдэкIуэтей щIэблэр хэгъэлIыфIыхьынырщ. Клубым илъэс къэс ныбжьыщIэ зэчиифIэу 350-рэ зэхуешэс. Ахэр зи гугъу тщIа Iуэхухэм хуегъэхьэзырри, етIуанэ илъэсым клубым къыхыхьэхэм нэхъыжьхэр чэнджэщэгъу яхуохъу.

Ахэр Урысей Федерацэм и хэгъэгу псоми щолажьэ, нобэкIэ а клубым нэхъыжь классхэм щIэсу, студенту щIалэ, пщащэ мин бжыгъэхэр хэтщ. Абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэр сэбэп мэхъу ныбжьыщIэхэр еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм щIэтIысхьэфынымкIэ, лъэпкъ, дунейпсо форумхэм хэтынымкIэ, я гупсысэхэр зыхуей утыку къыщаIуэтэфрэ ар пхагъэкIыфу балигъ гъащIэм хэувэнымкIэ.

*Тхыгъэри сурэтхэри зейр*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**.



# Хамэхьэр къихьэмэ...

**Губгъуэжыхапхъэр (амброзия полыннолистная - Ambrosia artemisiifolia) хамэ щIыпIэ, Америкэ Ищхъэрэм, къикIа къэкIыгъэщ икIи Урысей Федерацэм удзыжь лIэужьыгъуэхэм щыхабжэ.**

АБЫ уэру зыщIиубгъуфыр езы къэкIыгъэм и зэхэлъыкIэм иIэ щхьэхуэныгъэхэрщ: уэгъуми пэщIэтыф удзыжьым и лъабжьэр метри 4-м нэс и кIыхьагъ мэхъуф, и пкъыр метри 2-рэ ныкъуэм нэсу мэкI. КъэхутакIуэхэм къызэрыхагъэщымкIэ, къэкIыгъэр щIы тебдзэми къол, къэпха нэужьи щIэрыщIэу къыдожьыж. Зы удзым жылэ 25-м къыщыщIэдзауэ мини 100-м нэс къегъэщIри, щIым лъабжьэ щещIыж. Жылэ цIыкIуxэр тыншу псым, жьым ирехьэжьэ, автомобиль шэрхъхэм кIэрылъу, хьэкIэкхъуэкIэхэм я цым хэлъу зэбграх. Губгъуэжыхапхъэр езыр-езыру зыгъэкIуэд зыри щыIэкъым. Псом хуэмыдэу абы зыщеубгъу гъуэгубгъухэм, щIыпIэ нэщIхэм, яутIыпщыжа хьэсэхэм, ухуэныгъэ щекIуэкI щIы Iыхьэхэм, нэгъуэщIхэми.

Губгъуэжыхапхъэм шынагъуэу пылъыр абы и шэжыгъэм щIыфашхэ узыфэхэр «къызэригъэушырщ» (апхуэдэу зы удзым хьэдзэ меларди 4-10 хуэдиз иIэщ). Ар къыщыкIкIэ апхуэдизкIэ псы куэд зыщIеф, химие зыхэлъ пкъыгъуэ зэхуэмыдэхэр къыхокIри, щIыгулъыр егъэгъущ, гъавэр бэв хъунми зэран хуохъу. КъищынэмыщIауэ, и тхьэмпэхэм хэлъ дагъэ ткIыбжьым Iэщым хуагъэхьэзыр мэкъум и фIагъхэр хех, хъупIэхэр къэбгъэсэбэпынуи къезэгъыжыркъым.

МыбыкIэ жытIэну дызыхуейращи, губгъуэжыхапхъэм ди щIыналъэм зэрызыщиубгъур зэранышхуэ хуэхъунущ республикэм и зыужьыныгъэм. Сыту жыпIэмэ, абы зэщIищта мэкъумэш губгъуэхэр зэтес щIыжыным, щIыуэпсым къыщыкI удз лIэужьыгъуэхэр зэтегъэувэжыным, узыншагъэр хъумэным ехьэлIауэ текIуэдэнур мащIэкъым.

Къэралым адрей и щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ ди къэхутэныгъэхэмрэ къэбгъэсэбэпмэ, губгъуэжыхапхъэм зэрызиубгъур къызэтедгъэувыIэфынущ: илъэс куэдкIэ къэкI культурэхэм я жылэхэр хэтсэмэ, гъавэ здыIуахыжа щIы Iыхьэхэр ямыбгынэжу дыкIэлъыплъмэ, щIыгулъыр хущхъуэ хэхахэмкIэ дгъэбатэмэ, губгъуэм и гъунэм щыкI удзыр къэтхмэ, зэраныгъэ зыгъуэта щIыхэр зыхуей хуэдгъэзэжмэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, губгъуэжыхапхъэр гъэкIуэдынымкIэ IэмалыфIхэм зэращыщыр жылагъуэхэм пэгъунэгъуу пхъэнкIий идзыпIэхэр хабзэм къемызэгъыу зэрыщащIыр къызэпыудыныр. ЗэрытщIэщи, апхуэдэ щIыпIэхэм деж губгъуэжыхапхъэм зы метррэ ныкъуэрэ и лъагагъыу щыкI и хабзэщ.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ къалэ гъуэгубгъухэм, утыкухэм щагъэкI удзыпцIэхэри зэпымыууэ къабзэу зэрегъэхьэнми. Губгъуэжыхапхъэр иумыупщIыкIыу щIым къыхэптхъын хуейщ ар къэкIын щыщIидзэм щегъэжьауэ гъэгъэху.

Мы Iуэхум ауэ дытепсэлъыхь къудейкъым, губгъуэжыхапхъэр Налшык къалэ кIуэцIми къыдэзэрыхьащи. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы ущыхуозэ ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым (32-нэ унэм хуэзэу) тет сату IуэхущIапIэм къыхуэзанщIэ удзыпцIэм. Апхуэдэуи къалэм Оганьянц, Лазо я уэрамхэми, нэгъуэщIхэми гу щылъыттакIэщ. Абы къыхэкIыу Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм зыхуэдгъэзэну дыхуейт мы Iуэхум гулъытэ хэха хуищIыну.

**КIАРЭ Галинэ**,
*«ЩIыуэпсыр гъащIэщ» щIыналъэхэм зэдай жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ.*

**ШыщхьэуIум и 28, щэбэт**

✦**ХъуэпсапIэм и дунейпсо махуэщ**
✦**1851 гъэм** Санкт-Петербургрэ Москварэ зэпызыщIэ гъущI гъуэгум мафIэгухэр пIалъэ убзыхуам тету щызекIуэныр зэтраублауэ щытащ.
✦**1920 гъэм** Урысейм цIыхуу щыпсэур зыхуэдизыр зрагъэщIэн папщIэ, совет къэралыгъуэщIэм и Правительствэм и унафэкIэ, ахэр япэу ябжауэ щытащ.
✦**1924 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ ФизкультурэмкIэ областной совет.
✦**1941 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ Волгэ Iуфэм Iус нэмыцэхэр а щIыпIэм игъэIэпхъукIауэ Сыбырым, Къэзахъстаным, Курыт Азием шэным теухуауэ. Нэмыцэхэм я совет автономием и цIыхухэм шэч хуащIат фашистхэм ядэIэпыкъуу. Ахэр зэрымыкъуэншар 1964 гъэм хэIущIыIу хъужауэ щытащ.
✦**1974 гъэм** СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ къэралым паспорт зэрыщат хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ.
✦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъуий Владимир** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.
✦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мыз Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
✦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ГъуэплъащIэ ТIэхьир** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 29, *тхьэмахуэ***

✦**Ядернэ Iэщэхэр гъэунэхуныр мыдэным и дунейпсо махуэщ**. 2009 гъэм ООН-м и Ассамблее нэхъыщхьэм и 64-нэ сессием къыщащтащ Къэзахъстаным къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ.
✦**Урысейм щагъэлъапIэ Шахтёрым и махуэр**
✦**1912 гъэм** Москва къыщызэIуахащ «Бородино деж щекIуэкIа зауэр» панорамэр. 1812 гъэм екIуэкIа Хэку зауэр илъэсищэ щрикъум ирихьэлIэу ар ирагъэщIат урысей сурэтыщI Рубо Франц.
✦**1938 гъэм** СССР-м и цIыхубэ комиссархэм я советым унафэ къыдигъэкIащ цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ заочнэу зрагъэгъуэтыну Iэмал етыным теухуауэ.
✦**1946 гъэм** ООН-м хагъэхьащ Швециер, Афганистаныр, Исландиер.
✦**1949 гъэм** СССР-м щыщ академик Курчатов Игорь и унафэм щIэту япэ совет атомнэ бомбэр Семипалатинск щагъэунэхуащ.
✦Урыс сурэтыщI, архитектор **Брюллов Павел** къызэралъхурэ илъэси 181-рэ ирокъу.
✦Урысей актрисэ цIэрыIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Александровэ (и унэцIэ дыдэр Пупенинэщ) Маринэ** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 30, *блыщхьэ***

✦**Залымыгъэ зыкIэлъызэрахьэу ягъэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
✦**Тэтэрстан Республикэм и махуэщ**. 1990 гъэм Тэтэрстан Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр къащтащ.
✦**Къэзахъстан Республикэм и Конституцэм и махуэщ**
✦**Тыркум щагъэлъапIэ текIуэныгъэм и махуэр**
✦**1703 гъэм** Петербург и тхыдэм щыяпэу абы псыдзэ щIэуащ. Сыхьэт бжыгъэм къриубыдэу псым метритIым щIигъукIэ зыкъиIэтат.
✦**1730 гъэм** Черкасский Алексей пщым Невский Александр и орденыр къратащ.
✦**1928 гъэм** Неру Джавахарлал къигъэуващ Индиер Инджылызым и бжьым къыщIэкIыу къэрал щхьэхуит хъун хуейуэ. А махуэми Индием и щхьэхуитыныгъэм щIэбэныну лигэр къызэрагъэпэщауэ щытащ. Ауэ Индием и къэралыгъуэ щигъуэтар абы и ужькIэ илъэс тIощIым нэблагъэ дэкIауэщ - 1947 гъэрщ.
✦**1918 гъэм** Каплан Фанни Ленин (Ульянов) Владимир иукIыну хэтащ.
✦**1943 гъэм** советыдзэхэм Таганрог къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ. АбыкIэ зэфIэкIащ Ростов областыр хуит къэщIыжыныр.
✦**1944 гъэм** советыдзэхэр нэмыцэхэм яIыгъ Румынием и къалащхьэ Бухарест дыхьащ.
✦**1963 гъэм** Кремлымрэ (СССР) Унэ Хужьымрэ (США) занщIэу кIуэ телефон связкIэ зэпащIащ. Зым адрейм гурыщхъуэ хуищIу, зэрымыщIэкIэ а къэралхэм ядернэ зауэ ямыублэн мурадкIэт а унэхэр зэрызэпсэлъэн IэмэпсымэкIэ щIызэпащIар.
✦**1966 гъэм** СССР-м унафэ къыщащтащ Ерыскъыпхъэ къыщIэзыгъэкI промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэр гъэувыным теухуауэ. Абы къыщыгъэлъэгъуат ар илъэс къэс жэпуэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм ягъэлъэпIэну.
✦Инджылызым щыщ физик, ядернэ физикэмкIэ щIэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, Нобель и саугъэтыр химиемкIэ зыхуагъэфэща **Резерфорд Эрнест** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.
✦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, бзэхэр щаджу Армавир дэт университетым и профессор, Кубаным щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкий Нурдин** и ныбжьыр илъэс 88-рэ ирокъу.
✦Медицинэм и доктор, Германием щыIэ Адыгэ Хасэм и лэжьыгъэм хэт **Сэлихь (Уджыхъу) Ихьсан** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
✦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Сыжажэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
✦Урысей журналист цIэрыIуэу, цIыхум и хуитыныгъэхэм я къыщхьэщыжакIуэу щыта **Политковская Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 63-рэ ирокъу.
✦Атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастер, УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
✦ХьэрычэтыщIэ, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат **Едыдж Едыдж** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ЛIы жьей фызгъэгъущ.**

# Щхьэгуащэ гущэуи Тхьэр зыдэбгэным, лъы бахъае гущэри къызэрыдох...

## (ВытхьэкIумэ Къамболэтрэ Выжькъуапэ зауэмрэ я гъыбзэр)

**Анэм и нэпсыр мащIэу къекIуами, абы гу лъитауэ имыгъэхыщIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Пэжу, щыIэщ бын, игу илъыр къызыхуэIуатэ, анэм и гур псалъэ дахэкIэ фIы къэзыщIыжыф. ЩыIэщ бын, апхуэдэ псалъэхэр зыхузэмыгъэпэщ, и гущIэм зигъазэми, къызыхудэмышей, къызыхимыгъэщу зыгъэв. Ауэ, хьэкъыр аращи, анэм и нэпсым дунеижьыр къегъэпсалъэ. Анэр гуIэмэ, щIыри догыз, ауэ сытми жаIакъым. Я хъыбар зэхахыжами, езыхэм я нэгу щIэкIыпами, къэзылъхуа анэхэмрэ анэшхуэхэмрэ я щхьэ кърикIуахэр ягу къыщридзэжкIэ, ди нанэхэм нэпс гуащIэхэр щIагъэкIыу, гъыбзэ кIыхьхэр хузэпащэу зэрыщытар сэ къэслъагъужыну игъуэ сихуащ. Гъэрибщыс хуащIу илъэсым зэ, гъатхэкухэм деж, цIыхубз нэхъыжьхэм къыхалъхьэрти, зи цIэ къащIэжи, щIэблэ ямыщIэу яIэщIэхужаи къамыгъанэу КъурIэн хуагъазэу, жьэрымэ хуагъэууэ нэху щыху зэхэст. Жэщ никъуэр тхьэлъэIурэ духьэкIэ ягъэкIуа нэужь, нэхущнэгъым зыкъызэкIэщIитхъыху гъыбзэ кIыхьхэр кърашу къэнэжа уахътыр ягъакIуэрт. Гъэрибщысхэм деж щыжаIэ гъыбзэ гущIыхьэхэм, и пшыналъэм зэчырым и пкъыр щIэту, щабэрэ пхуэмыIуэтэну дахащэу зэпадзыжхэм ящыщт Выжькъуапэ деж щекIуэкIа зауэм хэкIуэда цIыхубз лажьэншэхэм я гъыбзэр.**

Выжькъуапэ деж щекIуэкIа зауэм къела цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ я нэхъыбэр иужькIэ Уарп нэс къэкIуащ, абдеж дэс Щхьэщэхуж къуажэри псэупIэ яхуэхъужауэ щытащ. Щхьэщэхуждэсхэм Выжькъуапэ зауэм и гъыбзэр зымыщIэрэ къыхэзымыдзэфынрэ яхэтакъым. Гъыбзэр щаусари щызэхалъхьари кIахэ лъэныкъуэрами, Къэбэрдейми фIыуэ щацIыхууи щытащ. Уэрэдым и зы вариант Ботэщей къуажэ щыщ Жыгун Пашэ деж ГъукIэмыхъу Iэбубэчыр 1968 гъэм щитхыжауэ, Iэрытхыр Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и архивым хэлъщ.

Я Iэлъэщl кIапэхэмкIэ нэпсыр щIалъэщIыкIыурэ блэкIар щэхуу къызэзыгъэдзэкIыж уэрэд сатырхэмкIэ нанэхэм ягъейрт зи щIалащхьэ лей къызытехьа хъыджэбзхэр, зауэм хэкIуэда быныр щIэзымылъхьэжыфа адэ-анэхэр, зи адэжь лъахэрэ зи жьэгу пащхьэ щхьэкIэ псэемыблэжу зауэ щIалэхэр, лъэпкъылI зэгурымыIуэхэр, жылэм зи ягъэ екIа, езыхэм къахэкIа жасусхэр. Ягъейрт анэхэм я нэпс мыухыжу илъэсищэм и кIуэцIкIэ щIагъэкIар. Илъэсищэкlэ екIуэкIа зауэжьым лъэпкъым къридза удыныр псом япэ зылъэIэсар ахэращ - анэхэращ.

Апхуэдиз илъэскIэ адыгэр зыхэта джаур зауэжьым щекIуэкIа хъугъэщIагъэ гуузхэм дэтхэнэр къыхэбгъэщын, ауэ адыгэм къыщилъхуакIэ, къыпкъуэту, пащтыхьым къыуищIылIа зауэм пэщIэту къыпфIэщIу дзыхь зэбгъэзахэм щэхуу Iуэху бзаджэхэр къыщыпкIэлъызэрахьэм деж, я щхьэ Iуэхурэ фейдэрэ зыхэлъыр лъэпкъым и Iуэхум нэхърэ нэхъапэ щрагъэщым деж, нэхъыкIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Бийм къыуищIэфынур къобгъэрыкIуэу къозэуэну арамэ, мыбыхэм уи кIуэцI илъыр зэращIэм къыхэкIыу, Iэджэ хьэкIэкхъуэкIагъи къыуапэсыфынут. Мис апхуэдэ гуауэщхьэуэ кърикIуащ Болэтокъуэ ЖанджэрийкIэ зэджэ кIэмыргуеипщым зэрихьа тхьэгъэпцIыгъэми. Адыгэхэм я тIасхъэр бийм хуиIуатэу, я дзэм хашэ яхуэхъуу, адыгэ къуажэхэр зэрыригъапхъуэу, а псом езым и Iыхьи къыхихыжу къекIуэкIащ ар.

Болэтокъуэ Жанджэрий лIыгъэншэу пхужыIэнутэкъым. Шыщхьэмыгъазэт, джатэпэрыкIуэ жыхуаIэм хуэдэт. Ауэ и лIыгъэр зыхуигъэпсар лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхутэкъым. Болэтокъуэм и IэмыщIэ илъ къуажэхэм языхэзым зы лIыхъусэ дэст, ВытхьэкIумэ КъамболэткIэ еджэу. Ари псэемыблэжу лIы бланэт, пащтыхьыдзэм ебэнынкIэ къикIуэт зымыщIэ лIыхъут, щытхъубэр зыхуагъэш лIы мышынэхэм ящыщт. Болэтокъуэми зэхимыхыу къанэртэкъым и блыгущIэтым хуагъэш апхуэдиз псалъэфIыр, и цIыхухэм абы ирагъэз дзыхь гъунапкъэншэр. КIэщIу жыпIэнумэ, удын фIыцIэ хуэхъурт.

ВытхьэкIумэ Къамболэтрэ Болэтокъуэ Жанджэрийрэ я зэхущытыкIэм теухуауэ Iэджэ хъыбари яIуатэ, ауэ нэхъ шэщIауэ ар жызыIэжахэм ящыщщ къэIуэтэжакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ Къэзанш Пэдыс. Абы къиIуэтэжу зэрыщытамкIэ, ВытхьэкIумэ и къуэмрэ Болэтокъуэ Жанджэрийрэ я Iугъуэ зэдимыкI щыхъум, кIэщI-кIэщIурэ зэщыхьэ хъуащ, ауэрэ зэпэщIэувэпащ. Зи, щызэгурымыIуэжыххэм, ВытхьэкIумэ Къамболэт и къуажэр игъэтэджри, Болэтокъуэм и жьауэм къыщIэкIащ, ВыжькъуапэкIэ зэджэ щIыпIэм, Пщыщэрэ Щхьэгуащэрэ я зэхуакум деж, иджырей Адэмей къуажэм пэмыжыжьэу тIысащ.

И насыпыншагъэти, ВытхьэкIумэм и къуажэм генерал Засс и дзэм хэтауэ, и Iуэхур щызэIыхьэм щтапIэ ихьэжу Къамболэт деж къекIуэлIэжауэ зы офицер гуэр щыпсэурт. И жыIэм къемыдаIуэу и жьауэм щIэкIа ВытхьэкIумэм и гур къыхуэплъырти, Болэтокъуэ Жанджэрий а офицерым зыIуигъащIэри щэхуу епсэлъащ. «ВытхьэкIумэ Къамболэт и къуажэм Iэщэ къыхуэщтэну цIыхухъуу дэсыр «мыпхуэдэ урыс станицэ гуэрым дытеуэнущ» жыIи дэши, дэ ар зэрытпхъуэну Iэмал къыдэт. Ар къытхуэпщIэмэ, генерал Засс селъэIунщи, уи офицерыгъэри къыуезгъэтыжынщ, уеблэмэ уи IэнатIэкIи удрезгъэгъэкIуеинщ», - игъэгугъащ ар Болэтокъуэм.

Офицерыр зыхуейр апхуэдэ зыгуэрти, арэзы хъури, къуажэм Болэтокъуэр къыщебгъэрыкIуэну махуэмкIэ пIалъэ зэратащ.

ПIалъэр къыщысым, къуажэм цIыхухъуу дэсыр офицерым дишри иришэжьащ. Моуэ, IукIуэтащ иджы, щыжиIэм, Болэтокъуэр къуажэм къебгъэрыкIуэри зэрипхъуащ, гущIэгъуншэуи зэтригъэсхьащ. Къуажэм къыдэнауэ дэсыр цIыхубзхэрати, мыжурэпэкIэ зэхэзехуэн ящIу, къаубыдар яупцIэнри гуэрэну зы чэт гуэрым ирахуэурэ гъэр зэтращIащ.

Пащтыхьыдзэм къуажэр жэщ никъуэм фIэкIыхункIэ зэрипхъуэщ, унэхэмрэ псэуалъэхэмрэ зэтригъасхьэри ежьэжащ. Нэхущым Лабапэ деж нэсыжауэ, дзэм ВытхьэкIумэ Къамболэт и дзэр къэкIуэжу къаIууащ. Къаплъэу я цIыхубзхэр къыщалъагъум, щхьэхьу къахэлъадэри, дзитIыр хьэлэч зэрыщIащ. ВытхьэкIумэ Къамболэт а зауэм хэкIуэдащ, япэщIыкIэ и анэр, и шыпхъуитIыр, сабий быныр мэзым щигъэпщкIури.

ИгъащIэкIэ ятемыкIыжын хъуэн ятелъщ уэрэдым зи цIэ къыхэхуа бзэгузехьэмрэ гъэпцIакIуэхэмрэ. Къуажэр щахъунщIэм, пхъэрыр иужь кърамыгъэхьэн щхьэкIэ гъуэгум Къумыкъу Хьэжысэлам жыхуаIэр трагъэуващ. Ар абдеж зыгъэувар Къунчыкъуэ Пщымахуэ гъум жыхуаIэрат. «Къунчыкъуэм фыкIуэ хъунукъым жиIащ», яжриIэурэ Выжькъуапэ къежьа бжьэдыгъу щIалэгъуалэм яригъэгъэзэжат абы. Мыгукъуэ Хьэбракъ и цIэри уэрэдым къыхощ. Абы и напэншагъэри ухыж зимыIэ хъуэну езыми лъэпкъми къатенащ.

ВытхьэкIумэм и къуажэр зэрызэрапхъуэр зэхэзыха абазэхэ вакIуэлIхэр КIэныпэ жыхуаIэ щIыпIэм дэтти, щIэхыу яшхэм зрадзри, шыкIапцIэ защIэу къежьащ. Абыхэми Къумыкъур къапэуват, арщхьэкIэ абазэхэхэр емыдаIуэу блэкIри Выжькъуапэ кIуащ. ВытхьэкIумэм и дзэм щIыхьэри, бийм езауэурэ зы цIыху къэмынэу зыщрагъэукIащ. Аращ уэрэдым «Абазэхэу дэ къытлъэIэса гущэхэр ди пащхьэ щепсыхыжат» щIыжиIэр.

ВытхьэкIумэм къыхуемыгъэлу лъэныкъуэегъэз зызыщIыфа биидзэм Iуиша цIыхубзхэр хы Iуфэм яхьри щащащ, абыхэм я лъэужь зыми игъуэтыжакъым.

Мэзым къыщIэна бзылъхугъэ быным я щхьэ кърикIуа насыпыншагъэм гъыбзэ траусыхьыжар зэхэзыха бынырылъхухэм абы пащэурэ ди нобэм къэсащ, езы уэрэдыр япэ дыдэ тыдодзэ.

А, Щхьэгуащэ гущэуи Тхьэр
зыдэбгэным,
А, лъы бахъае гущэри къызэрыдох,
Ди цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ
щыдах махуэм
Щхьэфэц мыгъуэми зеIэт.
Пщэдджыжь гущэуи ди тэджыгъуэм
Сэлэтыжьхэр къызэрыкъуох,
ЛIы пщыгъэ гущэуи къыдыхьэжахэм
Шы дахэхэм зыкIэрагъалIэ.
А махуэ гущэм, ра, зэрылIэнур,
Тхьэищауэхэ япхъу гущэм
и фIэщ мыхъут,
ЗэрылIэнур зи фIэщ хъупар
ВытхьэкIумэ и къуэкIэ
фи Къамболэтт.
Чэсей гущэуи си бгъафэ хужьыр
Фоч лъэдакъэкIэ къысхуагъэуфIыцI,
ФэфIыцIэ гущэуи дэ ди бгъэщIэпхэхэр
Фоч пэбжкIэ зыщIыдагъэх.
Ди щауэ гущэхэм зыщIедгъэхынути,
Пщыхьэщхьэ пIалъэми дынамыгъэс,
Уэркъ есу ди гугъэпIа гущэхэри
Ди пащхьэм щыIуагъэкIыж.
Дэ ди адэ гущэуи пIэщхьагъыншэм
Уэркъ щауэхэм даримыпэст,
Сэлэтыжьхэм дагъэкIэса гущэу
Псыжь икIыпIэм дыщызэрахьэ.
Дзэшхуэм хэтхэм я нэхъ Iей гущэм
Щхьэщэ хуэтщIурэ дыкърашалIэ,
Бариным дыщрашалIэ гущэми
Мыгукъуэжьыр къыдогъэцIацIэ.
ХьэжьыкIэу ди никъуэидэ гущэхэр
Афицар гущэхэм зэхуадз,
ХъужынкIэ мыгугъэжыххэуи гущэ
Дэ ди адэм игъэзэжащ.
Ди адэ и унэ дыщисым,
Жэхафэ гущэри ди тхьэмахуакIуэт,
Выжькъуапэ гущэ дыкъыщыдахум,
Мыжьыкъ алащэ гущэхэм
дыкъыдагъажэ.
Сэлэтыжьхэм дыщрахужьэ гущэм
Ди пхъэ вакъэ гущэхэр
къыдогъэлъэхъу,
Ди псэлъыхъуу Тхьэм еплъ гущэхэр
Мы Выжькъуапэ гущэми къыдыреуэ.
Бжьэдыгъу гущэм и щIалэгъуалэр
Iуащхьэ къуагъым къызэдыкъуоплъ,
Жэхьэнэмэр зыхуагъэплъа гущэри
Къунчыкъуэ и къуэкIэ
Пщымахуэ гъумщ.
Бырамбыхуу ди щхьэтепхъуэ гущэр
Къунчыкъуэ и къуэм къыдогъэлъагъу,
Бжьэдыгъухэм я нэрылъагъу гущэуи
Пощтыкум закъыфIыдодз.
Абазэхэхэм хъыбар евгъащIэ гущэмэ,
Я псэ тIэкIукIэ дащэхужынт,
КIэмыргуейм и щIалэгъуалэ гущэри
Зэуэгъуэ гущэм зи къэмыс.
Абазэхэу дэ къытлъэIэса гущэхэр
Ди пащхьэ щепсыхыжат,
КIэмыргуейм и щIалэгъуалэ гущэмэ
Заущэхури мэзым хыхьэжат.
Ержыбу дыщэр зи пащIэ гущэр
Мыгукъуэжьым зыIэщIегъэхьэ,
Трамэу шы зыщIэмыхьэ гущэр
Хы Iуфэм къыщызэрашэ.
Кхъухьыlум дыщрашалIэ гущэм
Гъэр уасэм къыщыщIоупщIэ,
Афицархэм дэ дыщащэху гущэкIэ
Жыр лэныстэ гущэкIэ дэ зытлIыжынти...
Хуарзыжьу дэ дызыхэплъэ гущэмэ
Ди нэхэр ятемыплъэж,
Фейцейуэ дызыхэда гущэхэр
Ди пащхьэ щепсыхыжащ.
ДанапцIэ гущэу дэ ди щхьэцышхуэр
Сэлэтыжьхэм я шэтырышхуэ гущи,
Бырамбыхуу ди джанэ щIагъуэхэр
Бжыщхьэкlэ, ра, къызэIатхъ гущи...
Къумыкъушхуэу Хьэжысэлам гущэм
Гъуо зещIри, а махуэм къоджэ,
Зи Тхьэшхуэр къызэджэжа гущэхэр
Мы махуэм кърекIуэлIэж, гущэ.
ЦIуужу ди дыщэ пыIэ гущэхэр
Бжырыбжыщхьэбэм, ра, къахолыдыкI,
Шу миным къахэлыдыкI гущэр
ВытхьэкIумэ и къуэкIэ фи Къамболэт
гущи...

И лъапсэм псы ирагъэжыхьыжащ, жаIэ. Мы гыбзэ гуащIэр зэпхьэлIэ хъунур ВытхьэкIумэ Къамболэт и къуажэм и закъуэкъым. ВыжькъуапэкIэ зэджэ щIыпIэри щыIэжкъым. ЩIыпIэр пхыкIыгъуеи бийр ялъэмыIэсын хуэдэу зэгъуэкIи ищIу Выжькъуапэ деж Шыкъ шэдылъэкIэ зэджэ сэрэшышхуэ иIэт. Псыжь къиумэ, и ягъэр гъунэгъу къуажэхэм екIыу зэращIэуэм къыхэкIыу, Шыкъ шэдылъэм Псыжь илъадэрэ дэуэхыпIэ хуащIа псыжапIэм хэлъэдэжу Шыкъ псыIыгъыпIэр 1940 гъэм ящIауэ щытащ. Арыххэуи, псыIыгъыпIэм и щIэм Выжькъуапэ зэрыщыту кIуащ...

Уэрэдыр зыуса цIыхубзхэм я нэгу щIэкIа тхьэмыщкIагъэхэм хузэхалъхьами, губампIэдэхыу яусами, ар Выжькъуапэ и фэеплъ нэсуи къыщIэкIащ...



**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*





# Гулджан къызыхэкIар зэи щыгъупщэркъым



**Тырку Республикэм щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэ Алтан (Бэгъущэ) Гулджан (Gulcan) и цIэр зэхэзымыха зы адыги щыIэу къыщIэкIынкъым. Иджыпсту псоми тIэщIэлъ гаджетхэр сэбэп мэхъу ди лъэпкъэгъухэм хамэ къэралхэм щаIэ псэукIэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ къэтщIэнымкIэ. Гулджан Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым иджыблагъэ кърилъхьа видео теплъэгъуэм иджыри зэ ди гур хигъэхъуащ. Адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа ныбжьыщIэ цIыкIухэр щIыгъуу адыгэ уэрэдхэр концертым щыжиIащ.**

ТЫРКУМ къыщалъхуами, и анэдэлъхубзэр имыщIэу къэхъуами, Гулджан зэрыадыгэр зэи щыгъупщакъым. Пщащэм адыгэгу зэриIэр, и хэкум къэкIуэну и нэ къызэрикIыр, адыгэбзэр хуэмурэ зэрызригъащIэр къытхуиIуэтащ Истамбыл дыкIуауэ дыщыхуэзам.

Хамэ щIыпIэр унапIэ зыхуэхъуа шапсыгъ унагъуэм къихъуа хъыджэбз цIыкIум зэфIэкI ямылей къызыкъуихыу, къэзыухъуреихь псоми я псэр гуащэнапщIэм - розэм (Гулджаным аращ къикIыр) хуэдэу зыдэгъагъэ уэрэджыIакIуэ хъуну хэт и гугъэнт?! Адэ-анэм щIэх дыдэу гу лъатащ Гулджан бгъэдэлъ зэчийм икIи хъыджэбз цIыкIур дэзыхьэх Iуэхур хуагъэдахэри, а лъагъуэм тращащ.

- Сэ зэрысщIэжрэ уэрэд жызоIэ, - къыддэгуэшащ Гулджан. - Ар къыщежьар ди унагъуэращ. ИтIанэ школым сыкIуа нэужь, абы гуп щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщри, сэри сыхагъэхьащ, ауэрэ си закъуэу утыку сыкъихьэу щIэздзащ. Мис а илъэсхэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ балигъ сыхъуа нэужь къыхэсха IэщIагъэм, нобэ сызыпэрыт Iуэхум. Школ нэужьым университетым макъамэм сыщыхуеджащ икIи си студентыгъуэ илъэсхэм япэ ахъшэр къэзлэжьу хуежьащ. СхузэфIэкI мащIэмкIэ арэзы сыхъуныр си хьэлтэкъыми, щIэныгъэ зэзгъэгъуэта нэужь, Истамбыл къэрал консерваториер къэзухащ. Ауэрэ щIэныгъэ лэжьыгъэми сыдихьэхауэ, абыи иужь ситщ.

КъедаIуэ псори зи теплъэ гуакIуэмкIэ, зи макъ жьгъырумкIэ къыдэзыхьэхыф Гулджан къыхиха IэщIагъэм и щэху псори зригъэщIэныр, уэрэд жыIэным и къежьапIэри, абы зэрызиужьари, иджырей Iэмалхэри кууэ иджыным пылъщ. Ар къыщацIыхур Тыркум и закъуэкъым, атIэ Швейцарием, Алыджым, Испанием, нэгъуэщI къэралхэми концерт щитащ, Iэгуауэшхуи щыхуаIэтащ.

Пщащэр къэрал зэхуэмыдэхэм щIрагъэблагъэм и щхьэусыгъуэр бзэ 12-13-кIэ уэрэд зэрыжиIэр, макъамэм и унэтIыныгъэщIэу къежьэхэр псынщIэ дыдэу къызэригъэIурыщIэр, махуэ къэс зызыхъуэж зэманым зыдригъэкIуфу утыку зэритыр арагъэнщ. Уэрэдхэр зэригъэзащIэ бзэхэр къызэрыхихым теухуауэ дыщеупщIым пщащэм къыджиIар гъэщIэгъуэнщ, «вагъуэ» псори зэмыгупсыс Iуэхугъуэщ.

- Сэ къыхэсхыр уэрэдхэракъым, атIэ бзэращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уэрэдым и дахагъракъым сыдэзыхьэхыр, атIэ бзэр зэрыт щытыкIэрщ. Лъэпкъ цIыкIухэм яIурылъ е кIуэдыжу къалъытэ бзэхэмкIэ уэрэд жысIэныр, ар дуней псом щызэбгрезгъэхыныр нэхъ сфIэкъабылщ, - жеIэ Гулджан. - Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дахагъэр бгъэбагъуэ къудей мыхъуу, сэбэпынагъ зыпылъ лэжьыгъи богъэзащIэ. Лъэпкъ гуэрым и бзэр мыкIуэдыжыным апхуэдэ хэлъхьэныгъэ мащIэ хуэсщIмэ, зэрысхузэфIэкIкIэ къэзгъэщIэращIэмэ, ари зыгуэрым пэувынщ, нэгъуэщIхэри си ужь къиувэнкIи хъунщ.

ГъащIэм кууэ кIуэцIрыплъыф, гупсысэ купщIафIэ куэд зи акъылым щызэблэкI пщащэр хамэщI къыщалъхуами, и анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр и кIэм нэсу зыхищIэну Iэмал имыIами, хъыджэбзым адыгэбзэр и псэм хэлъщ. Псом япэ иригъэщри и адыгэ уэрэдхэращ. Абы дискхэр къыдигъэкIащ, адыгэбзэкIэ, абазэбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ уэрэдхэр тету. «Адыгэ хэку», «Iэдиихуу», «Азэмэт», «Си нанэ», «Гум и уэрэд», «Си псэ - си адыгэ», нэгъуэщIхэри зытет а дискыр щызэIэпахыр Тыркум и закъуэкъым, атIэ адыгэ щыпсэу дэнэ къэрали нэсащ, дэтхэнэми и псэм зыдигъэпсэхуу йодаIуэ. Къыхэгъэщыпхъэщ Гулджан тыркубзэкIэ къыдигъэкI дискхэми адыгэ уэрэдхэр зэрыхигъэхьэр, концерт дэнэ щитми и анэдэлъхубзэр зэрыщигъэIур.

- Си анэдэлъхубзэмрэ си адыгагъэмрэ пэсщIын теткъым дуней псом, - къыддогуашэ Гулджан. - Тыркум сыщыпсэуми, си псэр здэщыIэр Хэкужьращ. Абы хузиIэ пыщIэныгъэр згъэбыдэну сызэрыхуейр къызэрызгъэлъагъуэр, хамэщI сызэрыщалъхуамрэ адэжь лъахэм сызэрыпэIэщIэмрэ къызат гухэщIыр зэрызыщхьэщызгъэкIыр си адыгэ уэрэдхэращ. Сыкъыщалъхуа къуажэми, Тыркум щыIэ нэгъуэщI адыгэ жылэхэми щызэхуэсхьэсыжащ уэрэдхэр, абы хэтщ хэкум щаусахэри, хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуахэм ятхахэри, си Iэдакъэ къыщIэкIахэри. Я бжыгъэкIэ къапщтэмэ, уэрэд 40 хуэдиз мэхъу.

ЗэкIэ си насып къихьар Мейкъуапэрэ Абхъазымрэ сыщыхьэщIэнырщ, иджы Налшык сыкIуэну, абы концерт щыстыну си хъуэпсапIэщ, - къыпещэ Гулджан. - Фи фIэщ хъункъым, ауэ «адыгэ» жаIэмэ, си гур къокIэзызыкI. Сызэрыадыгэр гурэ псэкIэ зыхызощIэ. Си гум илъ дахагъэ псори къызыхэсхыр адыгагъэращ. Жыгым лъабжьэ зэриIэм хуэдэу, сэри щIыбагъ сызэриIэм, Адыгэ Хэку зэрыщыIэм къару нэрымылъагъу къысхелъхьэ.

Апхуэдэ псалъэхэр фэрыщIагъым къыхэкIыу зэрыщымытыр иболъагъуэ пщащэм и нэгум, ар гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу зэрыпсалъэр щIыболъагъуэ нэпс мащIэ къызыщIэува нэхэм. Ауэ адэжь лъахэм хуиIэ апхуэдэ пыщIэныгъэм, езым зэрыжиIауэ, къару къыхелъхьэри, дяпэкIэ и мурадхэм топсэлъыхь. Гулджан Тыркум щыIэ адыгэ къуажэхэм уэрэдыжьхэр щызэхуехьэсыж, апхуэдэуи сабий уэрэдхэр зытет диск щхьэхуэ къыдигъэкIыну егъэхьэзыр. «Сыт хуэдэбзэкIэ диск къыдэзгъэкIми, зы адыгэ уэрэд нэхъ мыхъуми сытым дежи хэтынущ», - къыпещэ уэрэджыIакIуэм.

ЗэрыжысIащи, лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэр хъума хъуным зи гуащIэ хэзылъхьэ пщащэм абы теухуа и гупсысэм зрегъэубгъу:

- Ди адыгэбзэр кIуэдыжынкIэ шынагъуэ щыIэу жаIэ, ауэ ар си фIэщ хъуркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъым и лъабжьэр къыщежьэ хэкум пэIэщIэу, къэрал зэхуэмыдэхэм икъухьа щыхъуа адыгэхэм илъэси 150-кIэ яхъума, нобэр къыздэсым яIурылъ бзэм кIэух иIэнкIэ хъуну нэгум къысхущIэгъэхьэркъым. Сыт хуэдэ унэтIыныгъэми зегъэужьынымкIэ Iэмал куэд щыIэщ ди лъэхъэнэм, дэри, щIыпIэ куэдым ис адыгэхэр, дызэрыщIэ, дызэкIэлъыкIуэ хъуащ, хэкум нэкIуэжхэм, хьэщIапIэ накIуэхэм я бжыгъэм хэхъуащ. АтIэ иджыри къэс тхъума хъугъуэфIыгъуэр дяпэкIэ щхьэ дгъэкIуэдыжын хуей? Сэ сыпсэуху си къару хэслъхьэнущ ди анэдэлъхубзэр хъумэным, зегъэужьыным. Ар инджылызыбзэм, франджыбзэм бгъурыту дуней псом къыщацIыхуну сыхуейщ.

УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэр Тыркум щыщми, гурэ псэкIэ адыгэ лъэпкъым зэрейм, нэхъыбэу жиIэр тырку уэрэдми, адыгэбзэкIэ зэрыгупсысэм ди гур хигъэхъуащ. А гурыфIыгъуэр тIуащIэ мэхъу «тырку» уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм Инстаграмым адыгэбзэкIэ уэрэд жиIэу къыщрилъхьэм и деж.

*Тхыгъэри сурэтхэри зейр*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**.

# Адэжь хэкуми Бибарс щоджэгу

**Израилым и адыгэ къуажэ Кфар-Камэ щыщ футболист цIэрыIуэ Натхъуэ Бибарс шыщхьэуIум и 5-м и адэжь щIыналъэм - Сочэ къалэм - щыджэгуащ. «Фыщт» стадионым щызэIущIащ Краснодар крайм и «Сочи» футбол командэмрэ Сербием и «Партизан» гупымрэ. Ди лъэпкъэгъу футболист цIэрыIуэм иджы япэу къыхуихуауэ аращ ди лъахэм щыджэгуну.**



ПЭЖЩ, Сочэ япэу щыджэгуу арами, ар Израилым и мызакъуэу, Урысейми фIыуэ къыщацIыху. Бибарс Москва и ЦСКА-ми, Къэзан и «Рубин»-ми» хэту щытащ, Iулыдж ини щызэригъэпэщащ. Иужьрей илъэситIым Натхъуэр Сербием и къалащхьэ Белград «Партизан»-м щоджэгу.

Хэт мы адыгэ футболистыр? Дэнэ къыщежьэрэ и къуэпсыр?

Илъэс зыбжанэ ипэ Израилым лэжьыгъэ IуэхукIэ дыщыщыIам зи цIэр фIыуэ тщIэ щIалэм и унагъуэм щыщхэр зэдгъэцIыхуащ, ауэ езыр, сыт щыгъуи хуэдэу, ежьати, дыхуэзакъым. Бибрэс и анэ Натхъуэ Нурхьэн къызэрыджиIэжамкIэ, щIалэм топ иIыгъыу дунейм къытехьами ярейуэ, зэрыцIыкIурэ джэгуну фIэфIу щытащ. А лъагъуныгъэр и адэм деж къыщежьэрт абы Акрэм футбол зыпищI щымыIэу щытащ.

«МащIэрэ ди гъунэгъухэм я щхьэгъубжэр хиуда абы топкIэ, - игу къигъэкIыжт, - Нурхьэн, - и къуэм и сабиигъуэр. - КъищынэмыщIауэ, школым здихь тхылъылъэр къыщыгъуэпщэрти, топыр иIыгъыу къэкIуэжырт. ЩыцIыкIум щегъэжьауэ пщIэнт ар футболист зэрыхъунур».

ИлъэсипщIым нэса нэужь Бибарс Израилым и ныбжьыщIэ гупым хагъэхьащ. Къуажэ футбол командэм джэгун щыщIэзыдза щIалэ цIыкIур Тель-Авив и «Хапоэль»-м хэту утыкушхуэ ихьащ. И адэм и чэнджэщкIэ къыхиха бжыгъэм - «6»-м фIы куэд къыхудэкIуащ - Бибарс Израилым и щIалэгъуалэ гуп къыхэхам хагъэхьэри, абы и капитан занщIэу хъуащ икIи куэд дэмыкIыу къэралым и командэ нэхъыщхьэми ар щыхахащ. КъыжыIапхъэщ абы щыгъуэм Израилым и командэр япэ дыдэу лъэпкъкIэ журтым щымыщ цIыхум IэщIалъхьауэ зэрыщытар. Ар къилэжьат адыгэ щIалэм.

«6» бжыгъэр и футболкэм тету, ехъулIэныгъэ куэд иIэу журт къэралым щыджэгу Бибарс Урысейм кърагъэблэгъа нэужь, егупсысауэ ихъуэжащ насып куэд къызыхудэкIуа а бжыгъэр. Ар «66»-рэ ищIащ. Сытыт и щхьэусыгъуэр? Зыр и адэм и фэеплъщ, адрейр БаскетболымкIэ Израилым и гупым хэта, Бибарс и адэ къуэшым ипхъу Натхъуэ Нелли (абыи «6» бжыгъэращ зэрихьар) и фэеплът. Пщащэр машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдауэ щытащ 2000 гъэхэм.

Футболыр фIыуэ зылъагъуу щыта и адэмрэ баскетболым хэта и шыпхъумрэ я фэеплъыр ихъумэу, и Iулыджым нэхъри хигъахъуэу утыку итщ адыгэ щIалэр, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я командэ нэхъыфIхэм ирагъэблагъэу.

Дэри ди гуапэу дыкIэлъыплъу щытащ, хамэ щIыналъэ къыщалъхуа ди лъэпкъэгъу щIалэм ЦСКА-мрэ «Рубин»-мрэ щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм. Иджыри и лэжьыгъэм дегъэгушхуэ.

Къэзан япэу щыкIуа илъэсым Бибарс дэIэпыкъуну кIэлъыкIуат и анэмрэ и шыпхъу Натхъуэ Наташэрэ. Абы щыгъуэм Нурхьэн игу къегъэкIыж щIалэр Израилым зэрикIам щхьэкIэ, журту псоми зэрагугъар. «Ауэ зэрыадыгэр, зэрымуслъымэныр къащIа нэужь, къыдэджэгухэмрэ цIыхугъэ къыхуэхъуахэмрэ къызэрыхущытым занщIэу зихъуэжат», - жеIэж анэм.

Натхъуэхэ я унэр музейм хуэдэщ. Бибарс къикIуа гъуэгуанэр нэрылъагъу зыщIу къыхуагъэфэща кубокхэр, бгъэхэIухэр, медалхэр плIанэпэ дахэхэм щызэгъэзэхуащ.

Акрэм дунейм темытыжми, щIалэм и ехъулIэныгъэхэм анэмрэ и шыпхъуитIымрэ ирогушхуэ. Апхуэдэуи Нурхьэн и гур хуэзэгъащ и къуэ закъуэм, абы и щхьэгъусэщ Кфар-Камэ щыщ Ачмыжь Талие, быныфIэу унагъуэ дахэу зэдопсэу.

Израилым и лъэпкъ командэ къыхэхамрэ Сербием и «Партизан» командэмрэ нобэкIэ я футболист нэхъ цIэрыIуэ дыдэм Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым и цIэр зэрыщитхар «bibars 66»-щ. Ар зэрыджэгум, и псэукIэм, и лэжьыгъэм кIэлъоплъ цIыху мин 60-м нэблагъэ.

**КЪЭБАРТ Мирэ**.



# Ислъамым и нур



Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ

Мэжджыт цIэрыIуэхэр • Хьэдисхэр



**Сулъытlан Къэбус и цIэр зезыхьэ мэжджытым и кIуэцIым цIыху 7000-м нэблагъэ зэуэ щIэхуэнущ, и пщIантIэм цIыху 8000 дозагъэ. Абы азэн джапIэу 5 иIэщ. Зым и лъагагъыр метр 90-м щIегъу, адрейхэм метр 45,5-кIэ заIэтащ.**

**Мэжджытым фIэлъщ Австрием щрагъэщIауэ уэздыгъэ 35-рэ. Абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр тонни 8 и мэхъу. Алэрыбгъу илъым и хьэлъагъщ тонн 21-рэ.**

## Мулид мазэ лъапIэр

**Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарыр дунейм къыщытехьа мазэ лъапIэр къэблэгъащ. Мы гъэм ар тохуэ жэпуэгъуэм (октябрым) и 18-м.**

АЛЫХЬЫМ япэ дыдэу къигъэщIа цIыхум икIи бегъымбарым (Iэдэм) деж щегъэжьауэ, дэтхэнэ зы бегъымбарми ящIэу щытащ иужьрейуэ Мухьэмэд бегъымбарыр цIыхубэм къазэрыхуигъэкIуэнур икIи абы и къыхуеджэныгъэм щIэтыну уэсят зымыщIауэ зыри яхэткъым. КъурIэн лъапIэм ипэкIэ къеха тхылъхэми итащ а хъыбарыр. Абы щыхьэт тохъуэ КъурIэным щыщу «Аль-Имран» сурэм и 81-нэ Iэятыр.

Iэдэм бегъымбарыр иджыри жэнэтым щыIэу хьэршым щилъэгъуауэ щытащ Алыхьым и цIэ лъапIэм пэгъунэгъуу Мухьэмэд и цIэр иту. Абы щыгъуэм Iэдэм лIыкIуэм къыгурыIуат ар Тхьэм къигъэщIа псоми зэрахиIэтыкIар.

Хьисэ бегъымбарми и тхылъым къыщыкIуат Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыщыIэнур икIи псэухукIэ цIыхубэр къыхуриджащ иужьрейуэ къэкIуэну лIыкIуэ лъапIэ Мухьэмэд и жыIэм щIэтынхэу. Абы щыхьэт тохъуэ КъурIэным щыщу «Ас-Сэфф» сурэм и еханэ Iэятыр.

## ЩIыхуэм зэрызыщыпхъумэну духьэ

*Аллахьуммэ! Инни Iэгъузу бикэ мин Iэл хьэмми уэль хьэззэни, уэль гьэджзи уэль кэсэли, уэл бухъли уэль джубни, уэ дэлэгьи дэйни уэ гъэлэбэти рриджаль.*

Алыхьу си Тхьэ! Си фIэщу сыножалIэ нэщхъеягъэмрэ гухэщIымрэ, къарууншагъэмрэ щхьэхынагъымрэ, быдагъэмрэ шынэмрэ, щIыхуэм и бэлыхьымрэ цIыхур къыстегушхуэнымрэ сащыпхъумэну.

## Адэ-анэр къыфхуэмыарэзымэ...

ЖЭНЭТЫМ кIуэхэр хьэрыпыбзэкIэщ зэрызэпсэлъэнур. ДунеягъэкIэ а бзэр ящIэу щымытами, жэнэтым гугъуехь лъэпкъи зэрыщымыIэм ипкъ иткIэ, жэнэт Iыхьлыхэр а бзэмкIэ тыншу зэпсэлъэнущ. Абы и щыхьэтщ Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиIа мы псалъэхэр: *«Хьэрыпхэр фIыуэ флъагъу мы щхьэусыгъуищым и хьэтыркIэ: «Сэ сызэрыхьэрыпым, КъурIэныр хьэрыпыбзэкIэ къызэрехам, жэнэтым кIуэнухэр хьэрыпыбзэкIэ зэрызэпсэлъэнум щхьэкIэ».*

* * *

ТХЬЭМ и нэфIыр зыщыхуа ЛIыкIуэ лъапIэм жиIащ: *«Тхьэ соIуэ Iиман ябгъэдэмылъкIэ! Тхьэ соIуэ Iиман ябгъэдэмылъкIэ! Тхьэ соIуэ Iиман ябгъэдэмылъкIэ!»*. Асхьабхэр щIэупщIащ: *«Хэт жыхуэпIэр, ЛIыкIуэ лъапIэ?». «Зи гъунэгъур гугъу езыгъэхьхэращ жыхуэсIэр»*, - жэуап къитащ бегъымбарым.

* * *

ТХЬЭМ и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым жиIащ: *«Алыхьыр арэзы яхуэхъунущ зи адэхэм я ныбжьэгъухэр зымыгъэкIуэдхэм, абыхэм якIэлъыкIуэхэм».*

Мухьэмэд бегъымбарым жиIащ: *Жэщ-махуэ имыIэу Алыхьым фыхуэпщылIами, адэ-анэр къыфхуэмыарэзымэ, Тхьэр арэзы къыфхуэхъунукъым»*

# Хьэрыпхэм бзылъхугъэхэм пщIэ хуащIын щыщIадзар

ТХЬЭМ и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым и зэманыращ хьэрыпхэм бзылъхугъэр цIыхум хабжэ щыхъуар. АбыкIэ щапхъэ яхуэхъуари лIыкIуэ лъапIэращ.

Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъымбарым Алыхьыр къыхуэупсат хъыджэбзиплIкIэ. Дэтхэнэ зыми хуабжьу щыгуфIыкIат лIыкIуэр, псори зэхуэдэу фIыуэ илъагъурт. Ауэ и хъыджэбз нэхъыщIэ ФатIимэ лIыкIуэм и гур нэхъ хупихырт. Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) ипхъухэр лъагъуныгъэмрэ хуабагъэмрэ щIипIыкIат. ЛIыкIуэм ипхъухэм яхуиIэ лъагъуныгъэмрэ хуабагъымрэщ хьэрыпхэм щапхъэ яхуэхъуар бзылъхугъэм пщIэнэмыс хуэщIын зэрыхуеймкIэ.

### ФатIимэ дунейм къызэрытехьар

ЛIЫКIУЭ лъапIэмрэ Хъадыжэрэ щызэрышам, япэщIыкIэ ахэр щыпсэуащ Мухьэмэд бегъымбарым и адэ къуэш Iэбу ТIалиб и унэм. Унэр Iэзэвлъэзэвт, щIэхуэхэртэкъым. Апхуэдэу щыхъум, ахэр Iэпхъуащ Хъадыжэ и унэм. Хъадыжэ лъэпкъыфI къыхэкIат, цIыхум пщIэшхуэ къыхуащIырт, езыр къулейт. Хъадыжэ тIууэ зэтет и уардэунэ гъуэжьыфэр нобэр къыздэсым щыIэщ.

Хъадыжэ и еханэ быныр (ФатIимэ) дунейм къыщытехьэну сыхьэтыр къэсат. А сыхьэтым Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа лIыкIуэ лъапIэр унэм щIэстэкъым, ар Алыхьым хуэпщылIу «Хьирэ» бгъуэнщIагъым щыIэт. ЩIалэщIэ цIыкIухэу Алийрэ Зейдрэ Хъадыжэ яжриIащ лIыкIуэм деж кIуэуэ, хъыбар ирагъэщIэну. КилометриплI зыдэлъ гъуэгуанэр жэкIэ зэпачащ абыхэм. Iуэхур зыIутыр Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) щыжраIэм, псори щIэх дыдэу унэм къэсыжахэщ. Сабийр дунейм къыщытехьэм, ЛIыкIуэм Алыхьым фIыщIэ хуищIри, ФатIимэ фIищащ.

### И сабиигъуэр

ФАТIИМЭ и ныбжьыр илъэс иримыкъу щIыкIэ ДжэбрэIил мелыIычыр Мухьэмэд къыхуэкIуэри, къыжриIащ ар зэрылIыкIуэр. Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа ЛIыкIуэм и пщэм Алыхьым дилъхьа къалэнхэм япкъ иткIэ, псэм пищI и сабий ФатIимэ хухихын зэман имыIэж хъуат. Ауэ щыхъукIи, дэджэгуни, щIиупскIэни, кърихьэкIыни къигъанэртэкъым.

Ауэрэ зэманыр кIуатэурэ, ФатIимэ и ныбжьыр илъэситху ирикъуащ. А лъэхъэнэм джаурхэм хуабжьу лей зэрахьэрт, муслъымэнхэр гугъу ирагъэхьырт. А псори ФатIимэ илъагъурт. Сабийм къыгурыIуэрт апхуэдэу щытын зэрыхуэмейр. А цIыкIур куэдрэ и адэ-анэм еупщIырт апхуэдиз лей джаурхэм щIызэрахьэм и щхьэусыгъуэмкIэ.

Зы махуэ гуэрым Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа ЛIыкIуэ лъапIэм нэмэз ищIу здэщысым, джаурхэм ящыщ зым махъшэ лIам и кIуэцIфэцI ифыхьар нэмэз зыщIу щыс ЛIыкIуэм и дамащхьэм трилъхьат. ЛIыкIуэр къэщта щхьэкIэ, нэмэзыр зэпигъэуатэкъым. Ар зылъэгъуа бзылъхугъэ гуэр кIийуэ ФатIимэ и деж къажэри, Iуэхур зыIутыр жриIащ. ФатIимэ гъыурэ и адэм и деж жэкIэ кIуэри, и дамащхьэм телъ фIейхэр трихащ. Сабийм Алыхьым зыхуигъазэри, елъэIуащ: «Я Алыхь закъуэ, Уэ уахуэгъэзащ лейзехьэхэм», - жиIэурэ. Тхьэм къабыл ищIащ ФатIимэ и лъэIур.

Апхуэдэ гугъуехь куэд и нэгу щIэкIыурэ къэтэджащ ФатIимэ. Ар илъэсипщI фIэкIа мыхъуу и анэ Хъадыжэ дунейм ехыжащ.

### Псэ тыншыгъуэ щигъуэтар

МЭККЭМ икIыу Мединэм щыIэпхъуаращ ФатIимэ псэ тыншыгъуэ щигъуэтар. Мэккэм дэсхэр цIыху ткIийхэт, абыхэм леишхуэ зэрахьэрт, муслъымэнхэр хуабжьу гугъу ирагъэхьырт. ЦIыхухэр хуэм-хуэмурэ Мединэм Iэпхъуэу хуежьащ. Мединэм щыпсэухэр цIыху щабэхэт, гуапэхэт, лей зэрахьэртэкъым. Мэккэм дэс муслъымэнхэр къанэ щымыIэу Iэпхъуат Мединэм, къэнар ЛIыкIуэ лъапIэм и унагъуэрат, къиищынэмыщIауэ, жьы дыдэ хъуахэмрэ сымаджэхэмрэт. (ЛIыкIуэм иджыри Iэмыр къыхуищIатэкъым Iэпхъуэну). ФатIимэ и адэм куэдрэ еупщIырт: «Си адэ, дапщэщ дэри дыщыIэпхъуэнур? Сэри сыздэпшэну?» - жиIэурэ. Адэм и жэуапыр сыт щыгъуи зыт: «ШыIэныгъэ зыхэгъэлъ, си хъыджэбз цIыкIу», - жиIэурэ ФатIимэ и щхьэм щабэу Iэ дилъэрт.

Ауэрэ, Алыхьым и Iэмырыр къылъэIэсри, Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа ЛIыкIуэ лъапIэр Iэпхъуащ Мединэм, иужькIэ, ФатIими, адрей ипхъухэри Iэпхъуахэщ. Мис абы щыгъуэщ ФатIимэ псэтыншыгъуэ щигъуэтар.

## ФокIадэм и нэмэз щIыгъуэхэр

• Фи лъэIукIэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, бэрэжьей | 04.01 | 05.31 | 12.16 | 15.55 | 18.41 | 20.21 |
| 2, махуэку | 04.02 | 05.32 | 12.16 | 15.54 | 18.39 | 20.19 |
| 3, мэрем | 04.04 | 05.34 | 12.15 | 15.53 | 18.37 | 20.17 |
| 4, щэбэт | 04.05 | 05.35 | 12.15 | 15.52 | 18.35 | 20.15 |
| 5, тхьэмахуэ | 04.06 | 05.36 | 12.15 | 15.51 | 18.34 | 20.14 |
| 6, блыщхьэ | 04.07 | 05.36 | 12.15 | 15.51 | 18.32 | 20.12 |
| 7, гъубж | 04.08 | 05.38 | 12.14 | 15.49 | 18.30 | 20.10 |
| 8, бэрэжьей | 04.09 | 05.39 | 12.14 | 15.47 | 18.28 | 20.08 |
| 9, махуэку | 04.10 | 05.40 | 12.13 | 15.46 | 18.27 | 20.07 |
| 10, мэрем | 04.11 | 05.41 | 12.13 | 15.45 | 18.25 | 20.05 |
| 11, щэбэт | 04.11 | 05.41 | 12.13 | 15.44 | 18.23 | 20.03 |
| 12, тхьэмахуэ | 04.12 | 05.42 | 12.12 | 15.43 | 18.21 | 20.01 |
| 13, блыщхьэ | 04.13 | 05.43 | 12.12 | 15.42 | 18.19 | 19.59 |
| 14, гъубж | 04.14 | 05.44 | 12.11 | 15.40 | 18.18 | 19.58 |
| 15, бэрэжьей | 04.15 | 05.45 | 12.11 | 15.39 | 18.16 | 19.56 |
| 16, махуэку | 04.16 | 05.46 | 12.11 | 15.38 | 18.14 | 19.54 |
| 17, мэрем | 04.18 | 05.48 | 12.10 | 15.37 | 18.12 | 19.52 |
| 18, щэбэт | 04.19 | 05.49 | 12.10 | 15.35 | 18.10 | 19.50 |
| 19, тхьэмахуэ | 04.20 | 05.50 | 12.10 | 15.34 | 18.08 | 19.48 |
| 20, блыщхьэ | 04.21 | 05.51 | 12.09 | 15.33 | 18.07 | 19.47 |
| 21, гъубж | 04.22 | 05.52 | 12.09 | 15.31 | 18.05 | 19.45 |
| 22, бэрэжьей | 04.23 | 05 53 | 12.09 | 15.30 | 18.03 | 19.43 |
| 23, махуэку | 04.24 | 05.54 | 12.08 | 15.29 | 18.01 | 19.41 |
| 24, мэрем | 04.25 | 05.55 | 12.08 | 15.28 | 17.59 | 19.39 |
| 25, щэбэт | 04.26 | 05.56 | 12.08 | 15.27 | 17.58 | 19.38 |
| 26, тхьэмахуэ | 04.28 | 05.58 | 12.07 | 15.25 | 17.56 | 19.36 |
| 27, блыщхьэ | 04.29 | 05.59 | 12.07 | 15.24 | 17.54 | 19.34 |
| 28, гъубж | 04.30 | 06.00 | 12.07 | 15.23 | 17.52 | 19.32 |
| 29, бэрэжьей | 04.31 | 06.01 | 12.06 | 15.21 | 17.50 | 19.30 |
| 30, махуэку | 04.32 | 06.02 | 12.06 | 15.20 | 17.49 | 19.29 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*




# Зы сампIэм ситI зэдихуэркъым

***Зы жьэм жьэдыхьэр жыищэм жьэдохьэ.*** Псалъэр псынщIэу хэIущIыIу зэрыхъум теухуащ.

***Зы лIыр джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу.*** Зым Iыхьэ Iэджэ лъос, зы Iыхьи ялъыскъым Iэджэм.

***Зы сампIэм ситI зэдихуэркъым.*** Пашэныгъэр, бжьыпэр, тетыгъуэр убыдыным зэхуэдэу хущIэкъухэр зэгъусэу зэдекIуэкIыфыркъым.

***Зы хьэнэф зы хьэнэф и пщыжщ.*** Унафи хабзи яIэжкъым: зым зыр кърехуэкI - я Iуэху зэIумыбзщ.

***Зы IэкIэ хъарбызитI пхуэIыгъынукъым.*** Iуэху зыбжанэ къызэдэпщтэмэ, языхэзи къохъулIэнкъым.

***Зыгуэр къепсыху: «Упсэу!» пхужеIэжынкъым.*** ЖаIэ псоми упэджыжыфынкъым, псори арэзы пхуэщIынкъым. Зыгуэрхэм я псалъэмакъ мышыухэм, хъыбарыпцIхэм гулъытэ яхуэмыфащэу къыщалъытэм деж къапсэлъ хабзэщ.

***ЗыхуэмышыIэ пщтырафэщ.*** Зыгуэрым ежьэнымкIэ, пэплъэнымкIэ шыIэныгъэр зыхуримыкъу хабзэ цIыхум теухуащ.

# ЦIыху дагъуэншэ щыIэкъым

Шыдыжьым и хьэлъэр шыдыщIэм и натIэщ, къэсынущ а пIалъэр - ар гъащIэм игъалъэу.

* * *

Шыдыр - шыдщи, зэрышыдыр езы шыдым имыщIэж; къыптралъхьэр уи хьэлъэм, уэ ухэтми - уэ къэщIэж.

* * *

Щхьэ зыфIэмытым едауэ-еныкъуэкъур жея аслъэным и кIэм йокъур.

* * *

ЩIащIэр - лъэщыгъэкIэ ягъэжыIэщIэ.

* * *

ФIылъагъуныгъэр - гуакIуагъэ щылъхущи, лъагъумыхъуныгъэр - фыгъуэ-ижэгъ IэрыпIэщ.

* * *

ЦIыху псэ къабзэр щыпсэуну зэхъуапсэ дунейм дыгъэр псоми зэхуэдэу къащылъос.

* * *

ЦIыху дагъуэншэ щыIэкъым, апхуэдэ ухуэзэмэ, ар цIыхукъым - мелыIычщ.

* * *

ГущIэгъуншэм нэпс къекIуамэ, щыгуфIыкIыу арщ уи гуауэм.

**ХЬЭТУ Пётр.**

## Агъунокъуэ Лашэ и хъыбархэр

# ХьэщIэ

Джылахъстэнейм къикIри, Агъунокъуэ Лашэ бгъэдэсын щхьэкIэ Инэрокъуэхэ, Елъыхъуухэ, Мэртазэхэ ящыщ къэкIуащ. Ахэр лIакъуэлIэшхэт, хуабжьу шу зэгъэпэщахэт. Къуажэм дыхьэри, къэувыIахэщ, Агъунокъуэм и унэр яцIыхуртэкъыми. ДжэгуакIуэр къулейсыз дыдэу псэурт. И бжыхьхэр лъэлъауэ, къэуауэ, и унащхьэ бгъэныр къефыхауэ, и унэжь цIыкIур щIыбышэу, и Iуэхур хуабжьу зэкIэлъымыкIуэт.

ЛIищыр зы щIалэ гуэрым хуэзэри еупщIахэщ:

- Агъунокъуэ Лашэ и унэр дэнэ деж къыщыдгъуэтыну?

ЩIалэр губзыгъэу къыщIэкIри, мо шу зэгъэпэщахэр щилъагъум: «Уэлэхьи, мыхэр Агъунокъуэм и деж дэпшэну хьэдыгъуэдахэм, къуажэми пщIэ къытхуимыхьын» - жиIэри гупсысащ.

- Фэ моуэ фыщыт, сэ иджыпсту ар щыIэрэ щымыIэрэ зэзгъэщIэнщ, - жиIэри Агъунокъуэм и деж кIуащ.

- ХьэщIэ къыпхуэкIуащ, дауэ тщIыну? – жиIэри еупщIащ джэгуакIуэм.

- Ахэр си деж къыумышэ, модэ ди гъунэгъум я деж егъэблагъэ, ар ди унэу фIэкIа къыумыгъащIэу. «Езым нэмэз ещIри, и Iуэху зэфIэкIмэ, къыфхыхьэнщ», яжеIэ, - игъэIущащ джэгуакIуэм щIалэр.

Фомытхэ ейуэ зы унагъуэ къулей гуэр и гъунэгъути, арат здригъэблэгъэнур. ЩIалэр къыдэкIыжри, шухэм я деж къэкIуэжащ. АпщIондэхукIэ езы Агъунокъуэр шыгъуэгумкIэ екIуэкIри, ахэр здригъэблэгъэнум я деж кIуащ. Нэмэзлыкъыр къригъащтэри, нэмэз ищIу хьэщIэхэр къыдашащ. КъэкIуахэми, Агъунокъуэм и унэра я гугъэу, заплъыхь: «Къэбэрдейр къызэхикIухьурэ къыхиха мылъкумкIэ зэригъэпэщащ», - жаIэурэ.

Шухэр дыхьэу щалъагъум, Фомытхэ: «ХьэщIэ къытхуокIуэ», - жаIэри, езым я хьэщIэу фIэкIа ямыщIэу ирагъэблэгъащ.

- Дэнэ щыIэ Адэлджэрий? – жаIэри хьэщIэхэр щIэупщIащ.

- Нэмэз ещIри иджыпсту къэкIуэнущ, - жаIащ, я деж зэрыщыIэр ящIэу, щIыщIэупщIэр арауэ я гугъэу.

Агъунокъуэм нэмэзыр иуха нэужь, хьэщIэхэм я деж кIуэри сэлам ярихащ, хъыбарыжьыр яжриIэу ябгъэдэтIысхьэжащ. Мобыхэм пщIыхьэпIэу ягу къэкIыркъым ар Агъунокъуэм и мыунэу. Бысымми я пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым ахэр езым я мыхьэщIэу. «Агъунокъуэм ди хьэщIэхэм я зэш трегъэу», - жаIэри мэгуфIэхэр. Абы тету, псори зэрымыщIэу, хьэщIэхэр я гъунэгъум яригъэгъэхьэщIащ.

Пщэдджыжьым ежьэжын щыхъум, хьэщIэхэм жаIащ:

- Адэлджэрий, уи унагъуэр лъэщ ухъу, фIыгъуэр Тхьэм къыббгъэдилъхьэ, дыбгъэлъэпIащ. IэнэщIу дыкъыпхуэмыкIуэу шы къыпхуэтшэну ди мурадащ, ауэ езым зэрыхуейуэ зэригъэпэщыжынщ жытIэри, ахъшэ къыпхуэтхьащ.

Сэлам зэрахыжри фIыщIэр Агъунокъуэм ейуэ Фомытхэ ягъэхьэщIауэ ежьэжахэщ.

Агъунокъуэм «зы алащэ сиIамэ нэхъыфIт», жиIэри абыхэм кърата ахъшэр къиштэри ежьащ. Зы нэгъуей хъан гуэрым и деж кIуащ. Хъаным и деж дэмыхьэ щIыкIэ цIыхухэм еупщIащ: «Хъаныр тыгъэ тынкIэ дауэ щыт?» - жиIэри.

- Хъаныр къыппемыжьэмэ, къыпхуищIэн щыIэкъым, ауэ къыщIэкIрэ нэфIэгуфIэу уригъэблагъэмэ, къотэнущ. КъыщIэкIарэ и нэгу ущIимыгъаплъу, ибгъу фIэкIа и гупэ къыпхуимыгъазэмэ, къыпыкIын щыIэкъым, - жаIэри Iуэхум щыгъуазэ ящIащ.

- АтIэ фыкIуи къысхуевджэ! Къэбэрдейм я джэгуакIуэр къэкIуащ жыфIи, - жиIэри иутIыпщащ.

Хъаным щыжраIэм, и гуапэ мыхъущами, къыщIэкIащ. Нэжэгужэу къыбгъэдыхьэри, сэлам гуапэ кърихащ, къызэригъэлъапIэр белджылыуэ. КъыщыгуфIыкIри, и Iэр иIыгъыурэ унэм щIишащ. Езы хъанми джэгуакIуитI иIэти, игъакIуэри а тIури псынщIэу къригъэшащ. ДжэгуакIуищыр зэхигъэтIысхьэри, зы тхьэмахуэкIэ зэхигъэсащ и нэгу зригъэужьу. ИтIанэ къежьэжын хъури хъаным къыжриIащ:

- Зыгуэр уэзмытауэ узутIыпщыжынукъым. Сыт нэхъ ухуей?

- Зыри сыхуейкъым, сэ былымыхьэ сыкъежьакъым, услъагъуну сыкъэкIуати, хъарзынэу дызэбгъэдэсащ. Тхьэм узыншэ уищI, - жиIащ.

АрщхьэкIэ джэгуакIуэм я Iуэхур хъаным ищIэртэкъэ!

- Уэлэхьи, ар мыхъун, - жиIэри былымрэ шырэ кърита щ. Агъунокъуэжьри зыхуейр арати, къиихури къэкIуэжащ.

# КIыфIым фIыуэ пхрыплъыф

Жыгыщхьэм щыбзэрабзэ,
Сэхураныщхьэр зыгъэкъабзэ.

КъэкIухьлъакъуэ, лъакъуэ
кIыхь,
Ди пщIантIэкур къэзыфыхь.

КIыфIым фIыуэ
пхрыплъыф,
Гуэщым щакIуэуэ щIэсыф.

Зи фэр быдэ,
Зи кур тIатIэ.

Гъавэ зиIэм кIэрымыкI,
Хьэмыжь лъабжьэр
щIэзытIыкI.

Iус матэ зрат,
Шэ пэгун къыдэзыт.

ЖЭУАПХЭР:

Джэдыкlэ. Дзыгъуэ. Жэм.
Бзу. Гуэгушыхъу. Джэду.

*Зэхэзылъхьар*
**ЩОДЖЭН Леонидщ.**

# Зыщiэн зымыщiэжым

Зыгуэр имыщIэм ар
мэзэшыр:
Кърречри, жыгыр иресэжыр.

## Адыгагъэм ихьым

Яшэр ирегъашэ, мылъкукIи
егъэбыдэ.
Къашэр къимыкIуэту
егъэнысэ.
Къыдэхуэжкъым езым и
щхьэ дыдэм
Хуиту хуищIыжыну
мырамысэ.

## ГуфIапщIэ

«Дахэщ а уи напщIэр», -
ЗэрыжиIэм папщIэ,
Къуаргъ фIыцIэжьым
къанжэм
Кърита щ гуфIапщIэ.

## Къэрабгъэм

Уитщ утыкум уи псэр
щыхэкIауэ,
Къуэгъэнапiэм ущохъуж
фочауэ...

## ПыIэжьынэм

«ЦIыкIури инри
физгъэкIынущ бжьынэм!» -
Къэувауэ къовэр
пыIэжьынэр.

## «Батэгъэш»

Егъэшыфыр жьэкIэ батэ:
Игъэувмэ зы Iэмбатэ,
Iэтэм нэскIэ егъэбатэ.

**ДЖАТОКЪУЭ Юрэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Адыгэр зэуIуу щыпсэу хамэ къэралхэм ящыщ зым и щыхьэр. **4**. ЩэкI ... е лIы ... **7**. Iэпслъэпсым щыщ. **9**. Ватикан къэрал жьгъейр а къалэм и щIыналъэм хеубыдэ. **10**. Къурш лъэныкъуэмкIэ къриху жьы щIыIэтыIэ. **11**. Гагариныр здэлъэта щIыпIэ жыжьэ. **13**. «НыбжьыщIэ ...» - ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ. **15**. Адыгэ лъэпкъ. **18**. Къэбэрдей композитор Iэзэ. **19**. Нартхэм я фадэр абы къыхащIыкIырт. **20**. Хьэцэпэцэ щаIуэкIэ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу къыщIэкIыр. **22**. Танкым ит Iэщэ. **24**. КIапсэ къызыхах къэкIыгъэ. **25**. Зи къудамэхэр теухъуэнщIыкIа жыг лъэдий гъум. **26**. Къамылым къыхащIыкI лъэгурыдз, алэрыбгъу.

***Къехыу:*** **2**. ЦIыв хъурей цIыкIу къэзылъэтыхь, Iэпапiэ фIыцIэхэр хэсу. **3**. Уи ... си бжыхь къыумыпх. **5**. Си гъунэгъур ... къызыпыкI Iэнатiэ уващ. **6**. Налшык щыпсэу уэрэджыIакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист. **8**. ПкIэлъейм и зы Iыхьэ. **12**. Пасэрей Iэщэ. **13**. Хамэ щIыналъэ псэупIэ зыхуэхъуа цIыху. **14**. Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ - нобэрей ... **16**. Адыгэ тхакIуэ, драматург. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **17**. Къэралым и щIыналъэр щиух е щыщIидзэ щIыпIэ. **21**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **23**. ХадэхэкI. **24**. Жьым щытхъуи, ... къащтэ.

*Зэхэзылъхьар*
**Мыз Ахьмэдщ.**

***ШыщхьэуIум и 21-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Вагъэбдзумэ. **5**. Къэп. **6**. Бдзы. **7**. КIыщ. **10**. Джэдыгу. **12**. Къэшэж. **14**. Щхьэгъубжэ. **17**. Дамэлей. **21**. Къанкъул. **23**. Чехов. **26**. Щыкъу. **28**. Баш. **29**. Чей. **30**. Ласицкене.

***Къехыу:*** **2**. Алъп. **3**. Бадзэ. **4**. МэкI. **8**. Мы. **9**. Уэ. **10**. Джей. **11**. Гущэ. **12**. Къэб. **13**. Жыг. **15**. Гъудэ. **16**. Къыкъ. **18**. Мэл. **19**. Лэч. **20**. Хыв. **22**. Къуэ. **24**. Егъу. **25**. КIарц. **27**. Къута. **29**. Чын.

Ди хьэщIэщым

# Казбек и Адыгэ пщэфIапIэр

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап).*



Ди лъэпкъ хабзэр, тхыдэр, IэщIагъэу яIар, къагъэсэбэпа Iэмэпсымэхэр дгъэлъэгъуэн мурадкIэ едгъэжьащ лъэпкъ проектхэр. СыткIэ ахэр зэрысэбэпыр? Псом япэу, къыдэкIуэтей щIэблэм я дежкIэ. Нобэ гаджетхэм фIэкIа Iуэху зимыIэ ныбжьыщIэхэм я нэгу къахущIэгъэхьэнукъым а зи гугъу тщIы шхыныгъуэхэр зыхуэдэр, къызыхащIыкIыр, гъавэм, къэкIыгъэм адыгэр зэрелэжьу щытар, къагъэсэбэпа Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщI куэди.

**<u>- Пэжу а «пщэфIапIэм» щIэлъ хьэпшып мащIэми куэд къыпхуаIуатэ, пасэрей дунейм укъыщегъэхутэ</u>...**

- ПщэфIапIэм ущIыхьэрэ пасэрей нанэм и куэщI укъихутауэ къыпщыхъумэ, ди мурадыр къыдэхъулIауэ аращ. Сэ абы Iэщи-фащи щIэслъхьакъым. АтIэ адыгэм махуэ къэс къигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэрщ, цIыхур лажьэу зэрышхэж Iуэхущ абы щIэплъагъуэр. Нартыхур, ар зэрахьэж Iэрыщхьэлыр, гуэдзыр щахъумэ гуэныр, кхъуей, сыт хуэдэхэр. ШколакIуэхэр абы къыщIыхьа нэужь, телефонри дунейм щекIуэкIри къафIэмыIуэхужу зэпаплъыхь, хъыбархэм йодаIуэ, нэхъыбэ къызэращIэным иужь итщ. Абы ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ сыхуейт а зэпыщIэныгъэр, блэкIамрэ нобэмрэ зэрызэпхар утыку къисхьэну. XVIII - XIX лIэщIыгъуэм псэуа адыгэм и жьэгум дэлъа фIыгъуэр щызыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым абы. Къытхуеблагъэхэм идогъэлъагъуф нартыху кIэчаным пIастэ къызэрыхащIыкIыр.

ЕтIуанэрауэ, туристхэм папщIи бгъэлажьэ хъунущ, бгъэлэжьэни хуейщ. А псор зи нэгу щIэкI хамэ цIыхум лъэпкъым и псэукIар къещIэ, ди шхыныгъуэхэм я IэфIагъым къыдехьэх. Кхъуей быдэ хужьыр, кхъуей гъэгъуа плъыжьыр, къурэ шей, кофе, пIастэ, матэ кхъуей зыдэлъ хьэлывэ гъэжьа, псыхьэлывэ, фо - ахэр къызэхуэсхэм яIудогъахуэ Iуэху гуэр къыщызэдгъэпэщам деж.

**<u>- Проект зэмыщхьхэмкIэ ди нобэмрэ пщэдеймрэ зэрызэпыпщIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, абы нэхърэ нэхъ цIыкIукъым туризм и лъэныкъуэкIэ къэбгъэсэбэп зэрыхъури</u>.**

- «Лъэужь» зыфIэсща а проектыр адыгэ лъэпкъым и тхыдэ, щэнхабзэ щIэиныр хъума хъун папщIэ едгъэжьами, дызыхэпсэукI лъэхъэнэм мис апхуэдэ щIэинхэр иджырей псэукIэ-экономикэ зыужьыныгъэм етпхын хуейщ, туризм, инвестицэ я лъэныкъуэкIэ удэзыхьэх, ди блэкIари хъума хъун папщIэ.

КIэщIу жыпIэмэ, блэкIам и купщIэр нобэрей махуэм гъуазэ хуэпщIыфмэ, куэд пхуэхъумэнущ, узэрыщыту укъызэтенэфынущ, зыужьыныгъи бгъуэтынущ. Зи гугъу пщIы, «шэрхъ зыщIэт пщэфIапIэр» Адыгейм и унафэщIхэми я нэIэ щIэту апхуэдэщ, хьэщIэ егъэблэгъэнымрэ турист IуэхумкIэ къыпхуэгъэсэбэпыну щытщи. Абы фIагъыу иIэхэм ящыщщ шэрхъ щIэту къепшэкI зэрыхъур - республикэм зэхыхьэ щекIуэкI щIыпIэхэм, уеблэмэ нэгъуэщI хэгъэгухэм пшэ хъунущ.

**<u>- А пщэфIапIэм зы хьэку телъыджэ къыбгъурытщ. Уи деж хьэщIапIэ дызэрыщыIар Инстаграмым къыщитлъхьам пщIэжрэ абы щIэупщIэу иIар? ГъэщIэгъуэн пщымыхъуу къанэркъым и зэхэлъыкIэр, зыхуэгъэпсар, шхын зэрыщыбгъэхьэзырым нэмыщI щIэплъхьа гупсысэр? Уэра ар къэзыгупсысар? Сыт лъэпкъищым я щэнхабзэр щызэппхыу, адыгэм ейр курых щIыхуэпщIар?</u>**

- Хьэкур къэзыгупсысар сэрам и мызакъуэу зыщIари сэращ. СызэригугъэмкIэ, узэрыIуплъэу къыбощIэ зи гугъу пщIы лъэпкъхэр зыхуэдэмрэ ахэр зэспхын хуей щIэхъуамрэ. Нэхъыщхьэращи, а хьэкум IэфIу уегъашхэ. Хьэкум и курыкупсэм лъагэу тетщ урыс самовар. Абы шей литр 50 йохуэ. И ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ жьэгу иIэщ, шыуаныр иту, ухуеймэ, зыгуэр щыгъавэ, щыгъажьэ, сэмэгумкIэ кофе щыбгъавэ мэхъу. А псоми я лъабжьэм мафIэ щIыбощIыхьри, мавэ, мажьэ! Сыт ар зи нэщэнэр? Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, гуапагъэм, берычэтым!

Адыгэр ижь-ижьыж лъандэрэ хьэщIэхуэфIщ, и жьэгу мафIэр зэщIэгъэнарэ и Iэнэ лъакъуищыр узэдауэ апхуэдэщ. Адыгэр илъэс бжыгъэ куэд мэхъу урысым зэрыдэпсэурэ, ныбжьэгъу зэрыхуэхъурэ. Хэт зымыщIэр абыхэм самоваркIэ ягъэва шейм пэрысу зэман гукъинэжхэр зэрагъакIуэр? Пшахъуэм хэту гъэва кофер зи нэщэнэр хамэ къэрал куэдым ипхъа хъуа адыгэ лъэпкъым я псэукIэрщ, зыхэс лъэпкъым я ерыскъыхэр зэрашхырщ. КъуэкIыпIэ къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зыщыгуфIыкIын гуэрщ ар, туристхэми, фэри, дэри фIыуэ долъагъу нобэ кофер. А хьэкур зэщIэгъэнамэ, екIуэкI Iуэхум хэтхэм шей, кофе, адыгэ кхъуей зыдэлъ хьэлывэ хуабэрэ кхъуейрэ едгъэшхыфынущ. ЦIыху 300-м зэуэ я гуапэ тщIыфынущ.

**<u>- Мы зи гугъу пщIыхэр къыщыджепIэжам Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ куэдым къыпхуатхат Налшык къэпшэфыну уи «адыгэ пщэфIапIэр» - жаIэри</u>...**

- Дэни сшэфынущ. Аращ ар зыхуэщIар, шэрхъ щIыщIэтри аращ. Дыкърагъэблагъэмэ, Налшыки щызгъэлъэгъуэфынущ абы и фIагъ псори. Дяпэки апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр, зэдэлэжьэныгъэхэр зэтеублэным иужь ситщ, ноби сыкъыщIэкIуар аращ, си гупсысэхэм щыщ гуэрхэр ди къуэш хэгъэгум щыпхызгъэкIыну. Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэшхуэхэр дэтIыгъыу, ди гуапэу дыкъеблэгъэнущ, си гугъэщ цIыхухэми ягу ирихьыну.

**<u>- «Гъуэмылэ» IэфIыкIэм хуэдэу дахэу гъэщIэрэщIауэ зэкIуэцIылъ уи ерыскъым щыщи къэсащ Налшык. Ар апхуэдизкIэ къэуатщи, жэщ-махуэ зыбжанэкIэ гъуэгу утехьэнуми, нэгъуэщI гъуэмылэ ухуейкъым. Сыт ар къызыхэщIыкIар?</u>**

- Ар езыр гъуэмылэкъэ?! Уэркъ гъуэмылэщ! Ар ерыскъыгъуиблу зэхэлъщ, гуэдз къигъэкIыкIа, нартыху къигъэкIыкIа, кхъуей, лы гъэгъуа, хугу сыт хуэдэхэр фокIэ зэхэщIэжауэ. Апхуэдэ гъуэмылэр адыгэ Iэщэфащэм хэта гъуэмылапхъэ цIыкIум илъу шур зекIуэ ежьэрт.

Гъуэгу здытетым къэмэжэлIамэ, зы тыкъыр къыпичрэ жьэдилъхьэмэ, къару къыхилъхьэжырт. ШхыгъуафIэтэкъым ар, тыншуи бгъэныщкIуртэкъым. Ауэ гур къыщIэзыубыдэ ерыскъыхэмкIэ зэхэлъ шхыныгъуэщи, и Iыхьэ нэхъ мащIэми къару къыпхелъхьэж, зы тIэкIунитIэм уи ныбэ из ещI.

**<u>- Уи IэдакъэщIэкIхэмкIэ дгъэззэжынщи, уэ пщIы кхъуей быдэ лIэужьыгъуэм и фIагъым утезгъэпсэлъыхьынут. Ар къэбэрдей кхъуейм ещхьу ину, берычэту щыткъым, цIыкIущ, быдэщ, ауэ IэфIщ</u>.**

- Дэ иджыпсту тщIы кхъуей быдэм и IэфIагъым и закъуэкъым фIагъыу иIэр, ар икIи пIалъэ кIыхькIэ щылъынущ, гъуэгу здытепхьэн хуей хъуми - цIыкIущ, гъущэщ, быдэщ. Къэбэрдей кхъуей цIынэми, гъэгъуами унагъуэ кхъуейкIэ нэхъ уеджэнщ, унагъуэм щызепхьэу, щыпшхыу аращи.

Ди кхъуейм шхыныгъуэ 50 хуэдиз къыхыбощIыкIыф. Дэ ресторанхэм я пщафIэ лъэрызехьэхэм дадолажьэри, дощIэ. Кхъуейр ди республикэм и бренд хъуащи, нэхъри зэрызедгъэужьыным, лIэужьыгъуэщIэхэр зэрытщIыным дыпылъщ.

КъищынэмыщIауэ, «Матэ» кхъуей быдэм хуабжьу сэбэпынагъ ин пылъщ цIыху Iэпкълъэпкъым дежкIэ. Уеблэмэ, сабий зи ныбэ илъ анэм ирагъэшх езым и къупщхьэхэр быдэ хъун папщIэ, сабийри Iэбыдэ-лъэбыдэу дунейм къытехьэн щхьэкIэ. ИужькIи, цIыкIур игъэшхэху анэм дежкIэ сэбэпщ кхъуейр.

Сабийм и къупщхьэр зэрызэригъэубыдым хуэдэ дыдэу, лIыжь-фызыжь хъуахэм я къупщхьэхэр быдэу щигъэтщ абы. Адыгэм къэуат зыщIэмылъ, узыншагъэм дежкIэ мысэбэп ишхыу щытакъым. Нэхъапэм кхъуей быдэр мэкъуауэ кIуэхэм Iэмал имыIэу здрахьэжьэ ерыскъыхэм ящыщт. Япэрауэ, уигъэмэжалIэртэкъым, етIуанэрауэ, зы кхъуей тыкъыр уи бзэгу лъабжьэм щIэплъхьэмэ, махуэм я нэхъ хуабэми, псы ухуигъалIэртэкъым.

**<u>- А пасэрей шхыныгъуэр иджырей теплъэ иIэу сату Iуэхум зэрыхуэбгъэхьэзырыр екIущ икIи удэзыхьэхщ</u>.**

- Сату Iуэхум ухэтыфын щхьэкIэ, и IэфIагъкIи, и теплъэкIи цIыхур къыдихьэхыу щытын хуейщ продукцэм. Дызыхэпсэук I дунейм и хабзэхэр (шхыныр куэд зэрыхъуар, цIыхум я щэхуэкIэр) къэтлъытэри, ди кхъуейр грамм 250-300 хъууэ тщIын щIэддзащ. Ар адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэр къызытещ пхъэ пхъуантэм, тхылъымпIэ Iувым къыхэщIыкIа коробкэм идолъхьэ. ЛIэужьыгъуэу тщIы псоми зэкIуэцIылъхьэкIэ къахуэдгупсысащ. Абы нэсын ипэ къихуэу, зэIымыхьэу хъума хъун папщIэ, иджырей технологием и Iэмал псори къэдгъэсэбэпу зэкIуэцIыдолъхьэ.

**<u>- «Матэ» фирмэм и ерыскъыхэкIхэр Москва гъэлъэгъуэныгъэхэми хэтщ, ВДНХ-ми щыбгъэлъэгъуащ</u>.**

- Мызэ-мытIэу дыщыIащ гъэлъэгъуэныгъэхэм. Ди Iуэхур зэредгъажьэрэ Адыгэ Республикэм Мэкъумэш IэнатIэхэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм дадолажьэ, Правительствэм и нэIэ къыттригъэтщ. Абыхэм срагъэблагъэри, зыбжанэрэ дыщыIащ гъэлъэгъуэныгъэ инхэм, къэрал утыкухэм дихьащ. Адыгэ Республикэм ущискIэ, адыгэ шхыныгъуэщ, адыгэ хабзэщ, адыгэ фащэщ бгъэлъэгъуэн хуейр, сэ къызэрыслъытэмкIэ. Мыбдежым кхъуейм къыпэкIуэ фейдэм и закъуэкъым нэхъыщхьэр, атIэ дэ езым ди щхьэр дгъэлъэпIэжу, ди фIагъымрэ беягъымрэ утыкушхуэхэм щыдгъэлъэгъуэным мыхьэнэшхуэ иIэщ.

**<u>- Утыку узэрихьэну а кхъуейр дуней псом апхуэдизкIэ щыпэрыхьэтщи, егъэлеяуэ уефIэкIын хуейщ кхъуеифI зыщI къэралхэм, лъэпкъхэм</u>.**

- Зыгуэрым дефIэкIын щхьэкIэ, кхъуей IэфI тщIынымкIэ хэкIыпIэ къэтлъыхъуэжын хуейуэ щыткъым, Замирэ. Абы и IэфIагъри, и сэбэпынагъри дунейпсо мардэм изагъэу къытхуагъэнащ ди адэжьхэм. Ди кхъуейр зы къэралым ейми къыкIэрыхуркъым, абы щхьэкIи уникъуэкъуэн хуейкъым. Пэжщ, кхъуей лIэужьыгъуэ куэд щыIэщ, цIыхум нэхъ фIэфIыр къыхихыу.

Дэ ди кхъуейр къедгъэцIыхун хуей къудейуэ аращ, итIанэ зыхуейм ищэхунщ, зыхуэмейм ищэхункъым. Иджыпсту къапщтэмэ, уасэкIэ мыбдеж тIэкIу щафIэлъапIэщ кхъуейр. Ауэ зи щхьэ хуэсакъыж, зи бын и узыншагъэ кIэлъыплъ цIыхум нэхъыфIращ къищэхур. Дэ дыкъапщтэмэ, цIыхум я ныбэ из тщIыныркъым япэ идгъэщыр, атIэ лъэпкъ зэхэщIыкIыр догъэкIуатэ, и къэуатым гулъытэ нэхъ худощI. ИтIанэ, ди кхъуей быдэр илъэскIэ щылъми, зыри къыщыщIынукъым. КIуэ, «Роспотребнадзор»-м и хабзэр аращи, мазитI тыдотхэ.

«Матэ» кхъуейм иджы къежьа хэхыкIэ лъэпкъ етхьэлIэркъым, унагъуэм зэрыщащIым хуэдабзэущ зэрытщIыр. Жэмым къыщIэтша шэр мыупщIыIу щIыкIэ кхъуей хыдох. Краснодар, Ставрополь, Налшык дэт тыкуэнышхуэ зыбжанэм щыдощэ.

*Епсэлъар*
**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**





Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.839
Заказ №1910